


DZIDZISO YEZVA MOSESI

 Zvakanaka. Mwari akuropafadzei, Hama Neville. Mangwanani akanaka, shamwari. Ndinototarisa pano neapo kuti ndione kana ari mangwanani kana kuti manheru. Zvino, ndinofara kuva pano mangwanani ano. Kuri kudziya, uye zvirokwasvo mandichingamidza zvakanakisa. Hatisisina pfumvudza; tine zhizha nechando kuno, hatina here? Zvinhu zvese zvinoita sekunge zvabuda mugwara, neimwe nzira.

² Saka, chaita kuti ndinonoke, ndi—ndiri kuchenesa imba. Zvino nyama dzangu dzanga dzakaomarara dzichirwadza mangwanani ano. Uye ndamuka pachine nguva yakawanda, asi handina kumbocherechedza kuti mudzimai anenge aine basa rakawandisa rekuita, vanofanira, kugadzirira vana vatatu vozoenda kuSunday school. O, ini zvangu! Zvakawandisa zvekuita, zvinopfuura zvandaifungidzira kuti ndizvo zvaitwa. Zvino ndikafunga kuti, “Saka, zvino...” Usiku hwapfuura ndaishanda, uye—uye nda—ndakabva kunovhangera...?..Ini zvangu, mushandi haanetsi kuwana here? Hum! Ndakachechedzera madhora makumi matatu nemashanu kumunhu aizochengeta mwana, uye hapana aida kuzviita.

³ Ndakatora kachidimbu kebepa pano nguva pfupi yapfuura. Asi, hakaienderana neizvi. Aiti aiva kumusoro kuno, mumwe wezvematongerwo enyika muno muKentucky, akati akava musoja kaviri, akakuvadzwa katatu, segamba, akararama ari mugari wemunharaunda, akaita zvakawanda, ndokuponesa hupenyu hwevana vaviri, mumwe kubva murukova nemumwe kubva kune chimwewo, ndakanganwa zvese zvaafanira kuita. Zvino pakupedzisira akazofunga, zvino, vanofanira kuchengetedza nharaunda kwazvo, aizokwikwidzira hofisi. Uye paakadaro, kubva muvanhu zviuru zana, akawana mavhoti mashanu. Akakumbira mukuru wemapurisa kana aikwanisa kuwana chifepe chisisashandiswe kuti zvimubatsira kubuda munharaunda, akati, “Zvaiva nenjodzi kunyangwe kugara muguta.” Akanga asina shamwari dzakawanda dzaimubatsira kubuda muguta. Ndiko kutenda kweAmerica, zvakadaro, handizvo? Ndizvozvo. MuAmerica, paunowedzera kuita chinhu, unotarisirwa kuita zvimwe. Ndizvozvo, unotarisirwa kuita zvimwe.

⁴ Zvino, ndinoda kureva zvakanaka mangwanani ano pamusoro pekuchena nekunaka kuri kuratidzika chechi ino. Uye pandauya, vanga vaine musiwu uko wekuti mhupo ifambe zviri nane. Saka zvakaisvonaka, angave ani webato rematirastii pano akabatsira kuti zviitike. Zvirokwasvo zvanga zvakanakisa,

uye ibasa rakachena zvakanaka. Ndinofunga kuti Hama Hall, kana ndisiri kukanganisa, vakazviita. Ibasa rakanakisa.

⁵ Zvino, tati nonokei, asi munoziva zvakaita vanhu veholiness. Maona, hazvina nguva yakatarwa, tinayo here, Hama Slaughter, Hama Deitsman? [Hama nevamwe vanoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Zvinongova zvese sematorero atinongozviita.

⁶ Takava nemisangano inofadza zasi Kumaodzanyemba! Asi ndakangokwanisa kutaura mazuva mashoma apfuura. Ndakaparidza kwemwedzi mina, yakateedzana, uye ndakanga ndisisina izwi rakakwana kunyange re—rekuzevezera. Ndaitoita zvekutofambisa maoko kumudzimai wangu, munoziva, pane chandaida, uye chakaita se...Zvino mushure maizvozvo, uye tichidzoka kumusoro kuno kwaiva nemamiriro ekunze anonyengedza atanga tinawo, (handiti, rimwe zuva kune chando rinotevera kopisa), ndakabatwa nedzihwa chairo, chairo rechinyakare. Saka ndakamuka, mazuva mashoma apfuura, ndokutanga zvakare. Zvino tinotenda Ishe wakanaka, zvakadaro, nekuda kwehunaku netsitsi dzaKe dzese kwatiri, uye—uye kuti akatinakira zvakadini. Takava nemisangano inofadza zasi uko, uye Mwari akatiropafadza, zvikuru.

⁷ Zvino usiku hwapfuura, potse pakati peusiku, Hama Woods vakandidanira zasi kumba kwavo, uye hama Arganbright vari parunhare, vachida kuti nditangise kuSwitzerland. Saka, zvakanakisa zvekuita pamurume akwegura.

⁸ Saka, zvino, musangano wedu unotevera unotanga musi wegumi neimwe wemwedzi uno uri kutevera, kuCadle Tabernacle kuIndianapolis. Ku—kuCadle Tabernacle muIndianapolis, kubva musi wegumi neimwe kusvika gumi neshanu. Uye zvadaro, tichibvako, toenda ku—kuMinnea... Minneapolis; kubva kuIndianapolis kuenda kuMinneapolis, Christian Business Men.

⁹ Zvino ndinofunga kuti Hama Neville vandidana, uye ndanga ndichida kuratidza kwangu...kuratidza kutenda kwangu kuna ivo nevata tu vekwaNeville vakandiimbira kumariro aya, andaiva nawo marimwezuro. Zvino ndakakumbira Hama Neville; ndanga ndisina vaimbi, mhuri yekwaLiddick; apo VaLiddick vakaenda Kumusha Kunobwinya. Uye ini zvirokwazvo...kana mwanakomana wavo, handisi kumuona pano; ndakazooka kuti aiva mubvandaripo kwavari. Achiziva kuti baba vake vainge vofa, vasina kuponeswa, akamhanya kumba kunondishevedza, kutanga, uye baba vake vakaponeswa vasati vafa. Saka chinhu chikurusa chati chamboitwa nemukomana uyu, chaiva chekuuya kuzowana munhu anonamatira baba vake vasati vafa. Zvino vatatu vekwaNeville vakauya ndokuvaimbira zvakaivonakisa.

¹⁰ Zvino Hama Neville vandikumbira kana ndichikwanisa kutaura mangwanani ano nemanheru ano, zvakare. Saka

cherechedzai, Magwaro anoti, “Kumbirai nepakuru kuitira imi. . .” Saka Hama Neville zvirokwazvo vari muMagwaro pana izvozvo, zvakananyanya! Uye saka ndichaita zvese zvandinogona.

¹¹ Zvino, ndataura mangwanani ano, riri Zuva raMai, uye tinoda kutaura ku—kuvana vadiki. Ndafunga kuti mangwanani ano yaizenge iri nguva yakanaka ku—kuvana vadiki. Zvino ndinofunga kuti zuva ramai. . .

¹² Zvino, hapana chinhu chinotapira chatinoziva, panyika, chinokunda amai chaivo, vechokwadi. Mwari aropafadze mweya wavo wehumhare, amai chaivo, chaivo. Asi tine vakawanda vasiri chaivo nhasi va—vanonzi “amai,” vasiri amai; vangori vakadzi vane vana, asi kwete amai. Amai vechinyakare ndeavo vanoriritira mhuri yavo, vasingaendi kunzvimbo idzi dzekutandarira kana dzekutamba, uye usiku hwese, vachiputa, kunwa, vodzoka. Haakodzeri zita rinoereswa rekuti amai. Anongova mukadziwo, ndizvo zvega, ari kuchengeta mwana; asi kwete amai, nekuti amai vanoreva zvakasiyana kwariri. Zvino ndi—ndinofunga kana imi. . .

¹³ Zvino, kuZuva raMai, ndinoda kuzvitsanangura zvakananyatsonaka. Ndina mai vangu chembere yachena musoro vakagara apo, pachangu. Uye ndinofunga, zuva, zvakanaka; asi zuva rega-rega rinofanira kuva zuva ramai, kwete kungoti kamwe pagore. Uye chikonzero zvinhu zveZuva raMai zviri kuitika iye zvino. . .

¹⁴ Zvino ndinoona tingori nevashoma, uye tinozivana. Tiri hama nehama, uye ndosaka tichataura nenzira iyi.

¹⁵ Ndinofunga kuti amai vanofanira kuremekedzwa zvimwe chetezvo mazuva ese, ndizvozvo, amai chaivo. Uye, asi zuva rino ravanodana Zuva raMai, hapana chiripo munyika asi kuita mari kukuru kusina maturo, kungokwekweta mari yevanhu. Uye chinyadziso kuna amai, Zuva raMai, kamwe chete pagore, “Zvakanaka, hatiendi kunovaona, asi tinovatumira svinga diki remaruva uye rozvinatsa.” Haasi amai! Ini, zvangu! Amai chaivo mudzimai wauno. . . uyo akakurera, uye unomuda, uye unomuona nekutaura naye nguva dzese. Unoratidza rudo rwako kwaari nguva dzese, kwete zuva rimwe chete pagore.

¹⁶ Asi ndisati ndatanga pamutambo wangu mudiki, ndinoda kungoratidza izvi nekuvandudza vamwe venyu. Uye vazhinji venyu vakafa, vazhinji vavo vakafa kubvira iyi yagadzirwa. Maiva muna 1933.

¹⁷ Makaona here mubepa usiku hushoma hwapfuura apo mukadzi uya akauraya murume uya, akamukandira panofamba mota yake ndokuitiyaira mberi neshure pamusoro pake nemotokari yake kusvikira akamupwanyira-pwanyira kuzara panzira. Zvino vakati, ma—magweta nevakadaro, vakati, “Ko hana yako haikupomere here?” Mukadzi ndokuti, “Mwari neni tava kuneta nemabaturwe ari kuitwa madzimai.” Huh! Yeah,

iye chimwari. Ndizvozvo. “Kuneta.” Nyika ino inozvideredza kusvika kupi? Tinoenda kure kwakadini pasina kutongwa kwaMwari, ndichifunga? “Mwari neni”? Dai Mwari aiva nemhosva yezvisina maturo zvaAnopomerwa, haAimbova Mwari, ndizvo zvega. “Mwari neni”? Ini zvangu! Mwari haanei nechekuita nezvakaita seizvozvo. Hameno kuti kana ava mhiri mukutambudzwa, kuti achafunga sei pamusoro pazvo? O!

¹⁸ America! Zvino unorangarira, kana usina kunyora izvi pasi, zvinyore. Uku kufungidzira kwangu. Maona? Muna 1933, pataiva neshumiro zasi kuno kune yakare, ndinotenda Church of Christ yaveko iye zvino, yaimbova yakare. . . Iri pano chaipo, Hama Neville, tande kuzasi. Charlie Kern aisigarako. Chii. . . Musha wenherera mhiri kuno paMeigs Avenue. Muna 1933, ndichangwana Ford ya1933, uye ndakaikumikidza mangwanani iwayo kuna Ishe. Uye, ndisati ndabva kumba, ndakaona chiratidzo. Ndinacho muchinyorwa, bepa rakare reyo richakamirira muBhaibheri. Ndakaona nguva yekuguma ichiuya.

¹⁹ Zvino, imi, vangani vanorangarira kuti mota ya’33 yairatidzika sei kareko? O, yanga yakaitwa kudai sezvizi, uye kukwidza kumashure kwacho, kwakadimburwa kuti vhiri ripeseya riwane pekuremba napo. Ndakaona chiratidzo, chekuti, “Ishe vasati vauya, kuti motokari dzaizoratidzika sezai.” Vangani vanorangarira kufanoreva kuya? Pane mumwe munhu here asara ari muno? Hama Seward vakaenda. Uye ndinofungidzira. . . Maiva muna 1933 pataitira shumiro kumusoro kuno. Ndinofunga potse vese vakaenda zvino, kubvira ipapo.

²⁰ Uye ndakafanoreva, kuti, “America, mwari wavo wepamberi aizova madzimai.” Ndizvo zvazviri. Zvinhu zvese zvinotodza Hollywood. Ndine nhoroondo kubva kune veFBI inogona kukukatyamadzai zvikuru kungokutaurirai papi chaizvo. Uye unzenza pavatambi vebhaisikopu, hapana kana mumwe chete wavo, potse, asi zvipfeve. Uye veFBI vakazvibuditsa pachena nguva pfupi yapfuura. Ndinazvo kubva mufaera ravo. Saka zvino vese vari kurarama kunzeko, kunyange vatambi vebhaisikopu, paakazviratidza, vakaenda vachinovatora, vachirarama nevarume, makumi mairi nemashanu uye makumi mashanu emadhora pausiku umwe, nemurume, kukwidza nekudzika kwese, muHollywood uye nekweise-kweise, vaiva nedzimba nevarume seri ikoko kwavaivatumira kuvanhu ava. Uye ndiko kwatinotarisa, terevhizheni, uye—uye kunze kuno nemaskirini nezvinhu, uye torega vana vedu vachizvidana kuti nyanzvi dzokutevera. Zvino wozvidana kuti *amai*? Hapana zvekumbova amai nekure chaiko. Itsvina. Ndizvo chaizvo. Uye vanotungamira maitiro muzuva rino. Zvakanaka, varegei, mhando yehembe dzavanopfeka, tarirai madzimai echiAmerica achipfeka chaizvo savo, nezvese. Chokwadi. Zvino mwari

weAmerica mudzimai. Kwete Jehovha; vakafuratira Izvo. Kwete kuna *amai* zvino, zvino isai izvo parutivi, chinhu chakayereswa chatichataura nezvacho; asi ndiri kureva *mukadzi*.

²¹ Zvino, rangarirai, ndiri kufanoreva kuti kuparadzwa kukuru kusati kwasvika, kwandiri kuti haasi Ishe akandiudza izvi, asi ndinotenda kuti pane chichaitika kuda pakati pazvino kana kuti panguva iyoyo muna '77. Zvinogona kuitika paawa ino. Asi pakati pazvino na'77, kuti kuchava nekuparadzwa kukuru kana kuparadzwa zvachose kwe nyika yese, pakati pazvino na'77, ndakafanozvireva muna 1933.

²² Ndakafanoreva kuti madzimai acharamba achishaya hunhu nenyika yaizoramba ichiwa, uye vachizoramba vakabatirira pana mai, kana samai saizvozvo, kusvikira vazoita, mudzimai achiva chimupunzo. Uye mushure mechinguva, iyo, "America yaizotongwa nemudzimai." Zvitarisei muone kana zvisizvo. Mudzimai achatora chinzvimbo cheMutungamiriri wenyika kana chimwe chinhu, chepamusoro, rimwe simba repamusoro muAmerica.

²³ Apo, ndiri kutaura izvi neruremekedzo, madzimai. Kana mudzimai obuda mukicheni, abva panzvimbo yake. Ndizvozvo. Ndimu maanogara. Kunze kwazvo, haana nzvimbo. Uye zvino, handisi kuvaomesera, asi ndinongotaura Chokwadi nezveBhaibheri. Zvaisimbova murume ari musoro wemba, asi zvaiva mumazuva emuBhaibheri. Haasisiri. Ave chidhori, kana—kana mutariri wevana vacheche kana chimwe chinhu. Uye zvino, kwete, vanoda kurera imbwa, kuti vachiregedza kuzvara, votakura kambwa mumaoko avo nguva dzese, kuitira kuti ugokwanisa kumhanya-mhanya usiku hwese.

²⁴ Ini—ini handisi kutaura pamusoro paamai. Mwari ngaavaropafadze. Ndizvo zvinobata nyika pamwe chete zvino, pakati nepakati, ndiamai kwavo, vakanaka, vakaereswa, vakaponeswa naMwari. Ndizvozvo.

²⁵ Asi kunyadzisa kwekuderera kwakaita vakadzi vedu! Ndine chidimbu kubva mubepa, chandakacheka mushure meHondo yePasi rose iyi, yepiri, chaiti, "Tsika dzemadzimai emuAmerica dzaendepi, zvekuti, mushure memwedzi mitanhatu mhiri kwemakungwa, mauto mana kubva muvashanu akarambwa nemadzimai avo, uye vakanga varoorana nemumwewo murume?" Zvino vasisagone kuvamirira kuti vadzoke kubva mhiri kwamakungwa, mauto mhiri ikoko vachifa muhondo! Munhu anodaro iyeye haana kukodzera kunzi amai, zita rakaereswa. Kwete, handizvo. Saka ndakagara ndichinzi "muvengi wemadzimai," asi handisi. Ndinofunga kuti mudzimai chinhu chakaisvonaka, amai, kunyanya. Asi vanofanira kuva munzvimbo dzavo uye vorega kutora chinzvimbo chemurume, uye vorega kutora chinzvimbo chaMwari.

²⁶ Zvino mangwanani ano ndanzwa chechi yeholiness ichtaura, kuti, “Amai vanotonga nyeredzi dzeKudenga,” nezvese izvi. Ndinongofunga Makatorike vachidaro pana Maria mhandara, zvichienda saizvozvo, izvo, zvekunamata vakadzi vakafa, Musande Cecilia nezvese zvakadaro, chinova chiyero chepamusoro-soro chezvemidzimu. Ndizvo zvega zvazviri. Chinhu chese chinotaura nevashakabvu mudzimu. Saka, pangori neMurevereri mumwe chete pakati paMwari nemunhu, uye ndiKristu Jesu. Ndizvozvo. Hapana mumwe musande, hakuna chimwe chinhu kunze kwaIshe Jesu Kristu ndiYe ega Uyo Murevereri pakati paMwari nemunhu. Asi kana ndoona machechi, kunyange nekusvika kuseri kwepurupiti, kuyereswa kwese kuchibviswa pana Kristu kwopihwa pana amai, kuyereswa kwese kwotorwa, zvino—zvino votanga uye hezvo kwamuri.

²⁷ Saka, asi pana amai chaivo vasara. Mwari ngavarumbidzwe! Sepaunongoona munyengeri; pane Mukristu chaiye anonyatsorarama hupenyu hwacho. Paunenge uine chakanaka, une chakaipa. Ndizvo chaizvo. Uye zvino, ndiyo mhando iyoyi yamai nemhando iyoyi yemwana, yatiri kuda kutaura pamusoro payo zvino muBhaibheri.

²⁸ Zvino hameno kuti tine vakomana nevasikana vadiki vangani muno mangwanani ano? Kana makanzwa nhepfenyuro yeHama Neville nezuro. . . Vangani vakomana nevasikana vadiki vangada kuuya mberi kuno kuzogara pachigara chepamberi pandinenge ndichitaura nemi? Mungada kuuya kuzogara mberi kuno? Pane nzvimbo potsi, mbiri, nhatu, ina, shanu kuno; imwe pano, inhanhato, uye zvimwe zvigaro zvidiki nechepano. Mungade here kuuya kuno mberi, vamwe venyu vanogona kugara musina amai venyu, mungade kuuya mberi kuno here? Makasununguka zvikuru! Vanamai vauya. . . [Hama Neville vanoti, “Pane vamwe; vazhinji vavo vari mukamuri yeSunday school.”—Mupepeti.] O, vari mukamuri yeSunday school. Zvino, zvakanaka. Tichamirira kwemaminitsi mashoma, tichitaura, uye vachabuda mumaminitsi mashoma ari kutevera. Zvino tichangoungana, maziso madiki matema, ebrown, neebblue, kumusoro kuno, uye—uye totaura kune mumwe nemumwe wavo. Zvino, vangani vanoda Ishe? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Amen!”] Zvakanaka.

²⁹ Zvino ndinoda kutaura kunanamai nevana, uye zvakanangana navo.

³⁰ Manheru ano, Ishe akatendera, ndinoda kutaura pamusoro pechishamiso chekutanga chakaitwa naJesu, uye nemaitirwe achakaitwa, uye nesimba ripi, nezvaAkaita Apedza zvaKe. Vangani vanoziwa chishamiso chekutanga chaAkaita? Chitauri, pamwe chete. [Hama Branham neungano vanoti, “Kusandura mvura kuva waini.”—Mupepeti.] Ndizvozvo, chishamiso

chekutanga chaAkaita. Zvino, kana Ishe vakatendera. Pandanga ndichinzvera, mangwanani ano, zvangouya mupfungwa dzangu.

³¹ Ndaona tine shamwari yedu yakanaka, Baba naMai Yeker shure uko, ndinotenda, mangwanani ano. Ndangovacherechedza pandatenderera bango nenzira iyi. Rimwe zuva ndichinoongororwa; ndinofanira kugara ndichienda kunoongororwa nekuda kwemungava wemhiri kwemakungwa. Uye, pandakabuda, ndiani wandakasangana naye asi Baba naMai Yeker, vakagara kunze uko muhofisi—hofisi.

³² Dr. Schoen, kuLouisville, hama yakaisvonaka yeChikristu. Ndinokuudzai, ndakanyatsosangana nemunhu chaiye ipapo, chaiye anotenda muna Mwari uye anoisa ruvimbo rwake ipapo. Munozivei? Ndichakuudzai. Ndinowana vana chiremba vakawanda vanotenda mukupodzwa naMwari kupfuura vaparidzi vandinowana. Ndizvozvo. Taurai navo. Akati, “Zvirokwazvo.” Zvino apo iye...Pandanga ndave kuenda, akatora ruoko rwangu, akati, “Hama Branham, munoita zvakananda kuvanhu kupfuura zvandingambogona kuita.” Ndokuti, “Ndizvozvo.” Akati, “Munogona kubatsira vanhu vandisingambogone kubata.” Ndokuti, “Ndizvozvo.”

³³ Ini ndokuti, “Zvakanaka, nekuti, unogona kusona, kana kugadzira bondo, kana chimwe chinhu chakadaro. Asi Mwari ndiye anopodza.”

³⁴ Iye akati, “Ndizvo chaizvo.” Amen. O, ndinofarira kuona vanhu vane pfungwa dzakavhurika, vanofunga zvakanwana. Ndinofunga nezvekuvhiya muchipatara, nachiremba weutano, ongororo yekupora kwemuviri, kurapwa kwemabhonzo, kupodza kwaMwari, uye zvese pamwe chete, kana izvozvo zvichikwanisa kubatsira ani zvake, ndinozvida. Zvino paunotora chiremba anoshora muparidzi; uye muparidzi oshora chiremba; uye chiremba wemapfupa ozvidza—ozvidza chiremba wekuvhiya; chiremba wekuvhiya ozvidza chiremba weutano; unogona kufunga izvi, pane chinangwa cheundini pamwe panhu. Ndizvo, nekuti mumwe nemumwe wavo akaraidza kuti anobatsira mumwewo munhu. Ndizvo chaizvo.

³⁵ Zvino nyaya yacho ndeyekuti, ndinofunga, kana zvinangwa zvedu zvakana, uye moyo yedu yakanaka kuvanhu, tinofanirwa kushanda tose pamwe chete kubatsira mumwe wedu, kuva neupenyu huri nane. Zvino chinangwa chenyu handi cheundini, muchipa rumbidzo kuna Mwari Uyo anopa zvinhu zvese pachena. Amen. Hongu, changamire. O, hatifanire kuva neundini papi zvapo; panofanira kunge pakanaka zvakanwana.

³⁶ Kana chiremba weongororo yemusana achigona kubatsira *ichi*, uye chiremba wemapfupa achigona kubatsira *ichi* chimwe, wekuvhiya obatsirawo *ichi* chimwe, uye chimwewo chinhu chobatsira *icho* chimwe, ngatizvinamatirei zvese, ameni, kuti Mwari angobatsira vanhu vaKe vanodikanwa kuti vave vatano

uye vafare. Nokuti, hatina nguva refu yekugara pano, angova mazuva mashoma totopinda panzira, toenda kumwewo. Saka zvatiri kungoedza kuita kuti upenyu huve nane zvisvishoma kuitira kuti mukwanise kuva nenguva iri nane apo munenge muri pano. Amenii.

³⁷ Zvino papfungwa iyi, ngatikotamisei misoro yedu tisati tavhura Bhaibheri, uye titaure neMuponesi wedu akaisvonaka.

³⁸ Baba vedu veKudenga, vane tsiye nyoro, tinouya takanyatsozvininipisa mangwanani ano muHupo Hwenyu, tichiKutendai pamusoro pezvese zvakambova panyika, kana zvichazovapo, nekuda kwaIshe Jesu Kristu. Nekuti, ndiYe Uyo Akaunza munhu naMwari pamwe chete, ndokuyanana isu varombo vasina kufanira, vatorwa vasakarurama. Tiri kure naMwari, ne—nesarudzo, yedu; takatora sarudzo yedu ndokufamba kubva kwaAri. Zvino Aiva akanakisa pakutouya, uye apo takanga tisiri kufadza Mwari, pataiva vatadzi, kure naMwari, iYe akatiyananisa kudzoka kuna Baba, kubudikidza nekudeurwa kweRopa rake.

³⁹ TinoKutendai zvikuru nokuda kwaKe! Uye nhasi amire seMurevereri, Uyo ega ari pakati paMwari nemunhu, Anogona kuita kuti munamato upinde muHupo hwaMwari, kubudikidza nemukana weRopa raKe pachaKe raAkateura kubva panyika kuenda muKubwinya. Akapinda munyika ino nemudanga, ndokuzvarirwa kunze muchidziro. Ndokubuda munyika, kubudikidza nekutongerwa rufu. Nyika yaisaMuda. Denga raisagona kuMugamuchira, nokuti Aiva mutadzi, Aiva nezvivi zvedu paAri. Nyika yaisamuda. VakaMuramba, “Kure neMunhu akadai!” Akanga atombo...asitomborina nzvimbo yekuzvarirwa, kana nzvimbo yekufira. Zvino Akaremba pakati peMatenga nenyika; Denga raisagona kumugamuchira, kunyange nyika yaisaMuda. Uye Akafa, zvakadaro, kutiponesa kubva kuchivi, kupodza hurwere hwedu, kutipa mufaro uye nekugara kwakanakisa patinenge tiri pano panyika. Muponesi akadini! O, tinoKutendai nekuda kwaKe!

⁴⁰ O Mwari, tenderai kuyemura kwemoyo wedu kudururirwa kwaAri, uye iYe ega. Dai remekedzo yese nerumbidzo yese, chese chinobva pamiromo yedu kana moyo, dai zvaiswa paAri Uyo anokodzera zvese. Uyo akagara paChigaro chekutonga rimwe zuva, aine Bhuku muruoko rwaKe, hapana munhu Kudenga kana panyika aikodzera kana kukwanisa kunyange kutarisa Bhuku, kana kusunungura Zvisimbiso zvainge zvakaRivhara. Zvino Gwayana rakauraiwa iri, nheyo dzenyika, ndokuuya, AkaRitora kubva muruoko rwaKe, ndokuzarura Zvisimbiso nekusunungura ma—maShoko, kuvanhu.

⁴¹ Zvino, Baba, tinonamata nhasi uno kuti Mweya wake Mutsvene wasunungura moyo yedu kubva kurima rawo rese, sunungura ndimi dzedu kubva kune zvese zvakasviba, regererai

zvivi zvedu zvese, nekubvisa rima rese, uye upinde mumoyo yedu mangwanani ano.

⁴² Zvino kunyanya vana vadiki ava, Mwari, varopafadzei pavanogara namai vavo vakanakisa. Mwari, tinoKutendai chose nehumai, nemadzimai echokwadi! Pakati pezvese izvi rima nekunamata zvifananidzo, tsvina nehuori hwenyika, asi zvakadaro tinavo chaivo, anamai vechokwadi. TinoKutendai nekuda kwavo! Vadiki nevakuru, vese pamwe chete, tinoKutendai, Baba, nehumai hwechokwadi. Uye tinonamata, Mwari, kuti Muvaropafadze.

⁴³ Tichiona, vagere pano mangwanani ano, hama nehanzvadzi dzedu zhinji vakapfeka maruva emarozzi machena kana makarnasheni machena nemaruva, zvichireva kuti amai vavo vanodikanwa vakayambuka seri kwechidzitiro, kune rumwe rutivi; kwete kufa, asi vapenyu nekusingaperi. Rimwe zuva vachauyawo, zvakare, kurwizi, uye ipapao vachazovaona zvakare, kune rimwe divi. Vazhinji vakapfeka marozzi matsvuku, amai vachiripo. TinoKutendai naizvozvo.

⁴⁴ Tinonamata kuti Mutiropafadze pamwe chete patiri kunzvera Shoko reNyuu, nokuti tinozvikumbira nemuZita raKristu. Amenii.

⁴⁵ Zvino Mwari vakuropafadzei. Uye tochtanga paShoko mangwanani ano. Zvino, kutanga, mutambo usati watanga, ndafungidzira kuti amai netuvana, . . . Uye zvichida vari kundinzwa, nekuti chinhu ichi chine izwi rakati kwirirei. Zvino ndichapa kamutambo kaduku, nekuti ndanga ndichicherechedza zvino shumiro dzangu, dzimwe nguva mifananidzo yemitambo inobatsira zvikuru. Hamufunge kudaro here? Vadiki vano zvinzwisisa zviri nane. Ndakatarisa vakomana vashoma, vane meso akajeka, vakanditarisa zvino, vachazova varume vemangwana kana ramangwana riripo.

⁴⁶ Zvino tisati tava nemutambo upi zvawo, kana chero chimwe chinhu chiri kuitika muchechi, chinofanira kuva nehwaro yeBhaibheri. Amenii. Inofanira kuva hwaro yeBhaibheri. Kutanga, tose ngativhurei kuna Mateu, chitsauko 16 uye ndima 25, tichaverenga mavhesi aya. Kutanga, patinenge tichiverenga, tichigadzirira, pamwe panguva iyoyo vechidiki vachange vabuda. Zvino Mateu 16:25, tinoverenga izvi.

*Nokuti aninani anoda kuponesa upenyu hwake
acharasikirwa nahwo: asi aninani anorasikirwa
nepenyu hwake nekuda kwangu achahuwana.*

⁴⁷ Zvino, iri iGwaro rinokosha. Ngatiriverenge tose pamwe chete. Munoti kudii? Vanhu vese, vana vadiki navose, pamwe chete zvino. [Hama Branham neungano vanoverenga Rugwaro rwunotevera pamwepo—Mupepeti.]

*Nokuti aninani anoda kuponesa upenyu hwake
acharasikirwa nahwo: asi aninani anorasikirwa
neupenyu hwake nekuda kwangu achahuwana.*

⁴⁸ Munoziva, vakomana nevasikana, uye ndinoziva kuti vakuru vachanakidzwa neizvi sezvichangoitawo vana. Asi, Gwaro iro rakakoshesesa! Uye mamwe Magwaro akakosha zvekuti Mwari anoaisa muEvhangeri dzese ina; Mateo, Marko, Ruka, naJohane. Asi, iri rakanga rakanyanya kukosha zvekuti Akariisa katanhatu muEvhangeri! Katanhatu izvi zvakabuda kubva mumiro mo yaKe Mbune, Jesu.

⁴⁹ Zvino umo muna Marko, tichavhura imomo, uye kuchitsauko 8 yaMarko, kutanga pandima 34, ndichaverenga zvimwe ipapo. Uye ndinoda kuti mucherechedze pano zvakare, uye nekakuenderera mberi kweapo pazvakataurwa naJesu. Zvino rangarirai, Akazviisa katanhatu muEvhangeri, kuti ive zvokwadi! Zviviri zvinova zvapupu, asi iYe akazviisa zvakapetwa katatu, maona, kuitira kuva nechokwadi kuti wazvirangarira.

*Zvino wakati wadanidzira kwaari—wakati
wadanidzira kwaari vanhu vazhinji navadzidzi
vakewo, akati kwavari, Aninani achauya shure
kwangu, ngaazvirambe, . . . asimudze muchinjikwa
wake, anditevere.*

⁵⁰ Zvino, mumwe wevadudziri akaisa, “Ngaatore muchinjikwa wake aNditevere zuva nezuva.” Saka, zvino ndima ya35. Teererai.

*Nokuti aninani anoda kuponesa upenyu hwake
acharasikirwa nahwo; asi aninani anorasikirwa
neupenyu hwake nekuda kwangu nekweEvhangeri,
achauponesa.*

*Nokuti munhu achagobatsirweiko, kana awana nyika
yese, orasikirwa neupenyu hwake?*

*Kana kuti munhu ucharipeiko kuti adzikinure upenyu
hwake?*

⁵¹ Zvino ngatitorei ndima 35 iyi tiiverenge pamwe chete zvino. Zvakanaka. Zvino ngatizvitaurei pamwepo. Tiri kuzitora Marko 8:16, zvino ngatiitaurei pamwe chete; Marko 8:16, ruregerero, Marko 8:16, 35. Kwete, ndaivhiringa zvakare. Marko 8, pamusoro. Marko, Mutsvene Marko, chitsauko 8, ndima 35. Zvino ngatizviyedzei. Mutsvene Marko, chitsauko 8, ndima 35. Zvino taruwana. Ngatiriverengei. [Hama Branham neungano vanoverenga Rugwaro rwunotevera pamwepo—Mupepeti.]

*Nokuti aninani anoda kuponesa upenyu hwake
acharasikirwa nahwo; asi aninani acharasikirwa
neupenyu hwake nekuda kwangu nekweEvhangeri, . . .
achauponesa.*

52 Zvinoshamisa? Zvino tichaenderera mberi nekanyaya kedu, uye apo vechidiki vopinda vachatora nzvimbo dzavo. Maasha vatarire apo, moona kana muchigona kuvapinza muno, chinyararire, patiri kutora nekupa nyaya yedu. Tiri kuzoisa nheyo, mangwanani ano, pamutambo. Uye ini, nguva zhinji, pano mazuva mashoma apfuura ini. . .

53 Hama neHanzvadzi Wood vaiva neni, ndinotenda, uko kumusangano wapfuura, uye ndaitaura paChristian Business Men's Breakfast. Zvino ndakapa kamutambo kaZakeyo ari. . . mudenga mumuti wemuonde, zvino, Jesu paakasvika nepo, uye nekutora kwaakaita bhini ramarara, munoziva, (kupa nhoroondo yemutambo), ndokukwira mumuti, kuti aone Jesu; muzvinabhizimusi agere mumuti, munoziva, achihwanda Jesu. Zvino sekunge, Jesu aisaziva kwaiva, munoziva. Zvino ndokubva ati, "O, vanonditaurira kuti Murume uya anoziva zvinhu uye anogona kufanotaura zvichaitika, nekuziva kune hove yaiva nekobiri. Handizvitende." Zvino Jesu wakanyatsofamba nepasi pemuti. Uye ndokuti, "O, haAsi kundiona, ndakagara pamuti."

54 Jesu akamira akatarisa mudenga, ndokuti, "Zakeyo, buruka." Haana kuziva bedzi kuti aiva mudenga imomo, asi Aiziva kuti aiva ani.

55 Saka ndinofunga kuti mutambo dzimwe nguva unobatsira vakuru, vakomana nevasikana vakuru, sezvinongoita vadiki.

56 Saka zvino mungandibvunza, mushure meizvi zvapera, "Hama Branham, munowana kupi umboo hwevanhu ava nemazita?" Vamwe vacho, ndakabatsirwa neshamwari yangu yakanaka, Hama Booth-Clibborn. Uye mumwe, naJosephus, munzveri mukuru wenhoroondo. Uye mabhuku enhoroondo andakaverenga, echitiko chino, nezvakadaro. Zvino ndiwo mawanire andinoita umboo pane zvatichapa mumutambo mangwanani ano, kune izvi.

57 Ndinoona vechidiki vedu vobuda zvino, uye kuitira nyaya iyi yatiri kuzopa mangwanani ano. Zvino imi vakomana nevasikana vadiki, kana muchigona, vese vanoda, uyai mberi kuno chaiko. Tine zvigaro zvishanu kana zvitanzhatu. Kana muchida kuuya pano chaipo, tingafara kuva nemi. Vari kuuya panguva chaiyo yemutambo kuno.

58 Uye zvino ndiko kuwana kwandakaita umboo uhu, mawanire andakauita. Mumwe munhu anogona kuda kuti, "Zvino, handina kumboverenga chikamu ichocho muBhaibheri." Asi, kana usina, nhoroondo yakazvinhonga, maona. Saka yese inyaya imweyo, kungoti yangopiwa nenzira yeka—ka—kamutambo.

59 Zvino, saka, ndizvo chaizvo! Ndizvo chaizvo! Munin'ina wako here? O, zvokwadi akafanana newe! Uye mukomana kwaye. Unongozviona kuti akadaro. Zvakanaka.

⁶⁰ Zvino unoda kuuya kuno here ugare pasi kuno? Pane tusikana tuviri, kana tusikana tutatu. Ini zvangu, zvakangonakisa chose! Zvino ndinoda...Kanyaya aka mangwanani ano ndekevasikana nevakomana vadiki. VanaMuzvare Collins, ndinotenda ndimi apo, nekamwe kamusikana; munoda kuenda necheuko, mudikani, mogara pasi. Hongu, ndinotenda pane nzvimbo apo, kana mudzimai aka—akabvisa bhuku rake remuhomwe. Uye—uye nehekuno chaiko pane zvigaro zvakati kuti nehekuno.

⁶¹ Ndinoda vakomana nevasikana vadiki vese ava kuno mberi, kuti ndigone kutaura kwavari. Pano, pano tine zvigaro pano. Tinongoona kuti mawana zvigaro. Hongu, changamire. Zvimwe zvacho zvichatibatsira ipo pano. Saka, tinoda izvi kuti zvingova zvekuvakomana nevasikana vadiki ava. O, ini zvangu! Izvi hazvina kunaka here? Zvino zvaka...ndinotenda munofanira kunge muine vamwe vashoma, Hama Neville, ndinoona vamwe vashoma vari kuuya. Uye zvino zvakangonaka!

⁶² Vangani anamai vari pano? Simudza ruoko rwako. O, zvinoshamisa! Zvino, zvakaisvonakisa kwazvo.

⁶³ Zvino kana imi vasikana vadiki vari kumashure muchida kuuya kuno, uyai henyu, kana makura zvekukwanisa kuva kure namai. Uye kana amai vachida kukuunzai kuno, zvakanaka, vaudzei kuti vaue. Ndezvamai, zvakare. Zvakanaka, zvino.

⁶⁴ Ndikuudzei, vana, tichangoverenga vhesi. Mungade here kuriverenga neni? Mungade here kuverenga vhesi iri neni? Zvino, rinowanikwa muna Mutsvene Mateo, chitsauko 16 uye ndima 25, ratiri kuzotaura pamusoro paro. Zvino vadiki ava...Mukomana nemusikana mudiki wese, mangwanani ano, dzokorora izvi neni zvino. Iti, “Mutsvene Mateo,” [Vakomana nevasikana vanoti, “Mutsvene Mateo,”—Mupepeti.] “chitsauko 16,” [“chitsauko 16,”] “ndima 25.” [“ndima 25.”] Zvino imi dzokororai neni. “Nokuti aninani anoda kuponesa upenyu hwake” [“Nokuti aninani anoda kuponesa upenyu hwake”] “acharasikirwa nahwo,” [“acharasikirwa nahwo;”] “asi aninani anorasikirwa neupenyu hwake nekuda kwangu achahuponesa.” [“asi aninani anorasikirwa neupenyu hwake nekuda kwangu achahuponesa.”] Achahuponesa! Hongu, ngatizvitaurei zvakare. “Aninani” [“Aninani”] “acharasikirwa neupenyu hwake” [“acharasikirwa neupenyu hwake”] “nekuda kwangu” [“nekuda kwangu”] “achahuponesa.” [“achahuponesa.”] Zvinoshamisa!

⁶⁵ Zvino, vakomana nevasikana, munozivei? Pane zvinhu zvakawanda munyika zvinokosha. Uye chimwe chezvinhu izvi, munacho nemi nhasi, mweya wako uri mukati memutumbi iwoyo. Uye ndicho chinhu chinokoshesesa kwauri, munyika. Ndizvo here, amai? Itai, “Ameni.” [Vanamai vanoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chinhu chinokoshesesa chaunacho mweya wako. Uye ukachengeta mweya wako, zvino ucharasikirwa nawo.

Asi ukarasikirwa nemweya wako, zvino uchazouponesa; ukarasikirwa nemweya wako kuna Jesu, maona. Nemamwe mashoko, kana ukatenda pana Jesu, unobva wava mudzidzi waKe. Uye zvino ukapira upenyu hwako kuna Jesu uri mudiki sezvizvi, uye zvararo uchazo. . . iYe achazouponesa muUpenyu usingaperi. Asi kana iwe—kana iwe uchida kuhuchengeta, ucharasikirwa nawo; hongu, ucharasikirwa nawo. Ukada kuita sevamwe vasikana nevakomana ava vekuno, wobuda kunoita sezvavanoita, zvino iwe uchazo—iwe ucha—iwe uchazorasikirwa nawo. Asi kana uchida kupira upenyu hwako kuna Jesu, zvino uchauchengetera upenyu Usingaperi narinhi.

⁶⁶ Zvino, rangarira izvozvo zvino, kuti ndicho chinhu chinokoshesesa munyika yese, iwo mweya wako mudiki. Uye kana ukauchengeta, ucharasikirwa nawo; kana ukaupira kuna Jesu, unouponesa. Munogona here kutaura izvozvo neni? Kana . . . Itii, “Kana ndikauchengeta,” [Vakomana nevasikana vanoti, “Kana ndikauchengeta,”—Mupepeti.] “Ndicharasikirwa nawo;” [“Ndicharasikirwa nawo;”] “uye ndikaupira kuna Jesu,” [“uye ndikaupira kuna Jesu,”] “ndichauponesa.” [“ndichauponesa.”] Ndizvozvo! Zvino mazvibata. Izvi hazvina . . .

⁶⁷ Vanamai vese vanofunga kuti zvanga zvakanaka, ngavati, “Ameni.” [Anamai vanoti, “Ameni!”—Mupepeti.] O, zvakanaka! Zvakanaka.

⁶⁸ Zvino, munoona, pane chinhu chimwe chete chaunogona kuita. Zvino, iwe enda mberi. Kana vakada kuita saizvozvo, vaine zvido zvavo zvenyika. . . Kana vakomana nevasikana vachida kuenda kunze uko vonoita zvinhu, uye votaura nyaya nekureva zvinhu zvisizvo, ne—nekubirira nekuba, ne—nekuita zvinhu zvakashata, nekukopera muchikoro, nezvinhu, zvichienda mberi; vanorasikirwa. Vanorasikirwa nawo. Asi kana ukaupira kuna Jesu, havadaro, uye unouponesa. Ndizvo zvauri kuda kuita. Handizvo here?

⁶⁹ Zvino tave kuzotanga mukanyaya kedu. Zvino, ndiyo nheyo yedu, zvino zvirangarirei. Zvino ngatitangei kanyaya kedu. Zvino, kuvanhu vakuru, uye kune vanaba—baba nanamai, imi teerera, zvakare, zvino; imi, kunyanya imi vanamai nanababa. Zvino chingo. . . uye tichatangisa. Munofarira nyaya diki idzi here? Munodar? O, ndinongodzifarira! Kunyanya zvino. . . Munoverenga nyaya dzakawanda dzisiri dzechokwadi. Asi nyaya iyi ndeyechokwadi, Chokwadi chakazara, Shoko rese rayo. Iri muBhaibheri raMwari, saka inotofanira kuva Chokwadi, maona, nekuti IShoko raMwari. Shoko raMwari ndiro Chokwadi.

⁷⁰ “Zvino, unoziva,” akadaro, “Ndakaisvoneta. Nd—nda—ndakaneta zvekusvika pakufa.”

⁷¹ “Zvakanaka,” akati, “wadini wakwidza mukamuri yepamusoro waenda kunorara? Wonorara panhowo, sofa riri kumusoro uko, woenda kunorara.”

⁷² Murume ndokuti, “Asi, o, ndakanyanyisa kuneta.” Akati, “O, mudiwa, dai waona zvandaona nhasi! O, ini . . . Ini, chii . . . handisi kana kutomboda kudya kwamanheru! O, zvakaipisisa, zvandaona nhasi!”

Ndokuti, “Saka, chii chawamboona?”

⁷³ Akati, “Zvino, handigone kukuudza, pamberi pevana, o, zvakanyanya kuipa! Ini zvangu, zvanga zvakashata!”

“Zvino, chii chawaona?”

⁷⁴ “Zvakanaka, ndave kukwira mukamuri yepamusoro ndinorara kwechinguva, uye zvararo—uye zvararo mushure mekudya kwamanheru patinenge taendesa vana vese kunorara, ndichazokuudza zvaitika nhasi.”

“Zvakanaka,” mudzimai akadararo.

⁷⁵ Zvino hoyo akakwira kumusoro. Ndokuzvambarara. “O, ndakanetesa! O, ini zvangu!” Munoziva zvinoita baba kana vakaneta, vakangonyatsoneta!

⁷⁶ Zvino mushure mechinguva, kamusikana kaiva nemeso akajeka, kakatanga kumhanya-mhanya kachitenderera pasi, kachiti taurisei. Ndokunzi, “Sh-sh-sh, sh-sh-sh, usadaro. Unomutsa baba. Zvino, o, vakaisvoneta kusvikira vo—voda kufa. Vakanga vasisade kuenderera mberi vachirarama. Uye kana baba vakaneta zvakadai, zvino, tinofanira kuti vakotsire kwechinguva. Musavamutsa.” Zvino Miriami mudiki, anoenda ogara pasi, akanyararisa.

⁷⁷ Zvino mushure mechinguva mudzimai akanga agadzira kudya kwamanheru, saka anoverevedza achikwidza masitepisi uye a—anomudana, “Amrami?”

⁷⁸ Zvino iye ndokuti, “Hongu, Jokebhedhi, kuno. Ndiri kudzika.” Saka vakadzika masitepisi, munoziva, ndokuva nokudya kwakanaka.

⁷⁹ Saka vapedza kudya kwemanheru, uye ka—kamukomana nekasikana vapedza kudya kwavo, sei, ivo . . . mai vakabvisa zvinhu ndokuvafukidza mumubhedha.

⁸⁰ Uye zvino anoenda mukamuri, iye nemurume wake, vogara pasi. Akati, “Zvakanaka, zvino, chii chawati waona nhasi, Amrami, chaita kuti usuwe zvakadai—zvakadai manheru ano, zvekuti hauna kana kumboda kurarama?”

⁸¹ “O,” akapindura, “mudiwa, ini—ini handisi kungogona kuzvinzwisisa.” Akati, “Ndaona . . . Zvakanaka, tinozviona mazuva ese, asi nhasi zvanga zvakanyanya.” Akati, “O, nda—ndaona chinhu chakaipisisa chandati ndamboona.” Akati, “Vakomana vedu vanonzwisa urombo, vamwe vavo vasati

vapfuura makore gumi nemaviri, vachidhonza zingoro guru riya, vaine tambo dzakamonerwa pamutsipa wavo saizvozvo. Zvino vana ivavo vanopisa tsitsi vanga vadhonza kusvika vasisagone kuenderera mberi, pamukwidza uya mukuru, mazitombo makuru kumashure ikoko, uye vanga vasisagone kuenda mberi. Zvino mushure mechinguva ngoro yatanga kurira nekufamba zvishoma-shoma, uye mushure mechinguva yabva yamira. Mumwe murume achidzika nenzira ndokuuya, o, anga ari mupengo! Adanidzira, ‘Sei muri kumisa ngoro iyi?’ ‘Whamu!’ nezvamboko zvikuru zviya zvinenge nyoka, uye achichishapurisa kumusana, uye ropa richidzika kubva kumusana kwavo, richidzika saizvozvo. Zvino vana vanopisa tsitsi ava vangorembere patambo iyi vachichema.” Akati, “O, Jokebhedhi! Chii chatingaita, amai?” Akati, “Tiri vanhu vaMwari. Mwari akatiropafadza. Tiri vana vaAbrahama, Isaka, naJakobho. Zvino sei tichifanira kuva nhapwa zasi kuno kuzvinhu izvi? O, zvinoshungurudza kuchema kwanga kuchiiita vakomana vaye. O, zvino ndinonamata ndichinamata ndichinamata, Jokebhedhi, uye zvinoita sekunge Mwari haatombondinzwe. Ndinonamata ndichinamata, uye Anoita sekunge iYe anofuratira asinganzwe, haAndinzwe zvachose. Zvinoita sekunge haAsisina hany’n’a.”

⁸² “Zvino,” mudzimai akataura, “tarira, Amrami, hazvitaridzike sewe. Uri baba chaivo-chaivo, uye iwe... Hazviratidzike sewe, nekuti unogara uchitukurudzira, uchitiudza kuti tive nekutenda muna Mwari.”

⁸³ “O, asi, mudikani, pandinonamata zvakanyanya, asi Mwari havandinzwe zvakadaro, uye zvoita kunge zviri kungowedzera kuipa nguva dzese. Kuwedzera kwandinoita kunamata, ndiko kuwedzera kuipa kwazvinoita.”

⁸⁴ Asi, nhai vakomana nevasikana vadiki, Mwari anonzwa munamato here? [Vakomana nevasikana vanoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Anonzwa munamato. Mwari anopindura munamato here? [“Hongu.”] Hongu. Anopindura nekukurumidza here? Kwete nguva dzese. Anodaro here? Kwete. Dzimwe nguva anoita kuti timirire. Ndizvo here? [“Hongu.”] Asi, Mwari anopindura munamato. HaAdaro here? Asi nekuti zvinhu zvese zviri kungominama, hachisi chiratidzo chekuti timire kunamata. Tinongoramba tichinamata, zvakadaro. Hatidaro here? Ndizvozvo. Zvino, mapindura zvakanaka. Mwari anopindura munamato. Ngatizvitaurei tose pamwe chete. [Hama Branham neungano vanoti, “Mwari vanopindura munamato.”] Hongu. Zvisinei nemamiriro ezvinhu, Vanopindura, zvakadaro. Zvakanaka.

“Zvakanaka, uri kukwidza kunonamata zvakare here?”

⁸⁵ “Hongu.” Zvino baba vaiva nekamuri yavo yakahwanda muimba yekumusoro kwavaienda kunonamata. Saka

anokwirako manheru iwayo, opfugama parutivi, ndokuti, . . . Zvino akati, “Jokebhedhi, zvino iwe enda mberi unorara, iwe nevana. Nekuti, musandinetsa, ndiri kuzonamata pamwe usiku hwese manheru ano.”

⁸⁶ Saka anoenda pamabvi ake, onamata achinamata. Ndinomuona achisimudza maoko ake, oti, “O Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho, rangarirai vimbiso yeNyu kuvanhu veNyu! Hepano tiri zasi muEgipita muno, uye tiri muhuranda. Zvino, o, vatariri vedu vane utsinye vari—vari kutiitisa zvinhu, nekutirova kwese-kwese, uye vanhu vedu va—vanokururwa zvipfeko vosiiva vakashama, uye vari kutishwapura nezvamboko. Uye tiri vanhu veNyu. O Mwari, zvirokwazvo Munonzwa munamato! Zvirokwazvo Muchapindura munamato! Zvino ndinonamata ndichinamata ndichinamata, asi Munoita seMusiri kumbondipindura. Asi, Mwari, ndinotenda kuti Muri Mwari, uye Muchadzamara mapindura munamato.” Zvino akaramba achinamata saizvozvo, potse usiku hwese.

⁸⁷ Zvino mangwanani akatevera, nguva dzingada kuita three kana four o'clock, anodzika masitepisi madiki. Uye anotarisa uko, zvino hapo paiva nemudzimai wake akanaka mudiki, Jokebhedhi mudiki. Aiva ari mumubhedha ave. Uye Aroni mudiki naMiriami mudiki vakanga vatoradzikwa mumubhedha kare, saka vanga vaine hope chose, vachirara. Zvakanaka. Murume anoti kumudzimai. . . Mudzimai akati, “Nguva yafamba, uye uchiri kungo. . .”

⁸⁸ “Hongu, ndanamata usiku hwese.” Maziso ake akanga ajenga misodzi, nekuti akanga achichemera vanhu.

⁸⁹ Zvino mukadzi ndokuti, “Tarira, Amrami, haufanire kunyanya kuzviremedza.”

⁹⁰ “Zvino,” murume akati, “teerera, mudikani. Izvozvo zvakanaka. Asi zvino tarira, une vana vaviri vokurera pano. Uye mutoro ndewangu. Kana mumwe munhu akasanamatira vanhu vedu vanonzwisa urombo, chii chichazoitika kwavari? Chii chichaitika kana mumwe munhu akasava nevanhu pamoyo? Mumwe munhu anotofanira kunamata.”

“Zvakanaka,” mudzimai anoti, “Amrami, mutoro hausi wako wese.”

⁹¹ “Zvakanaka, zvinoita sekudaro. Uye zvisinei, ndichanamata, zvakadaro, nguva dzese!”

⁹² Anoenda kubasa zuva iroro. Uye zuva rega-rega anoenda nekudzoka, uye nhamo imwe cheteyo yakare. Zvino aiva nebasa rakaoma. Aifanira. . . Vaidira dhaka muforoma huru, uye aifanira kunge akamira pabiravira remoto guru. Pavairivhura, o, ini zvangu, zvaitopotsa zvadambura ganda rake, kupisisa kwakashata! Aisundira zvidhinha izvozvo museri imomo

ozvipisa, ozvibuditsa; kuzovaka nzira dzakakura, nezvivakwa zvakareba, kuzvimwari zvemupunzo nezvese. Zvino murume uyu Mukristu kwaye zasi ikoko achishanda zvakadaro, kumuvengi. Asi iye aiva nhapwa, aiva muhuranda. Aitofanira kuzviita.

⁹³ Usiku hwega-hwega paaiuya kumba, ainamata. Okwira masitepisi zvakare, onamata onamata achinamata, odzoka zasi. Hazvina kumboita nane; zvakawedzera kuipa.

⁹⁴ Zvino rimwe zuva kubasa akanzwa guhu. Akati, “Chii ichocho? Chii ichocho? Ndiudzei!” Mumwe akazevezera kune mumwe. Mushure mechinguva, zuva risati rapfuura, zvakanga zvatekeshera nyika yese, zvanga zvichazoitika.

⁹⁵ Chaiva chii? Kanzuru yaizosangana usiku ihwohwo. Mambo Farao akwegura, mambo akwegura ane utsinye anga achizodana vanhu vake vese pamwe chete, vova neimwe kanzuru huru. Saka vakava nemusangano mukuru wekanzuru zasi ikoko.

⁹⁶ Saka usiku ihwohwo akapinda, o, anga akangoderera chose. Anopinda, uye mudzimai wake anoti, “Amrami, mudikani.” Mudzimai akasangana naye pamukova ndokumutsvoda, akati, “Ndine kudya kwako kwamanheru kwakaisvonaka kuri kudziya. Asi,” akati, “mudikani, wakasuruvara. Chii chanetsa?”

⁹⁷ Akati, “O, Jokebhedhi, dai chete waiziva zviri kuitika! O, zvakaipisisa kupfuura zvazvakambova!”

“Chii?”

⁹⁸ “Sh-sh, handigone kuzvireva, vana varipo. Mirira kusvika tapedza kudya, zvino ndichazokuudza pamusoro pazvo.”

“Zvakanaka.”

⁹⁹ Saka, mudzimai akagadzira svusvuro. Akapedza svusvuro, ndokutora vana vese akavaisa kunorara.

¹⁰⁰ Saka, vakapinda. Murume ndokuti, “Jokebhedhi, ndinoda kukuudza chimwe chinhu.” Akati, “Chimwe chezvinhu zvakaipisisa chiri kuitika.”

“Chii?”

¹⁰¹ Akati, “Vari kuzova neimwe kanzuru nhasi uno, manheru ano. Zvino pavanodaro, vachazoisa mumwe mutoro patiri isu vanhu.”

¹⁰² Saka, zvarado, ngatiendei kumuzinda wamambo. Mambo Farao anovaunza vese kunze ikoko, akati, “Zvakanaka, imi mese vatariri! Chanetsa chii pamuri pano? Ndinopa mirayiro pano! Vanhu ava vari kuwedzera kuwanda nguva dzese! Chikonzero ndechei? Hatigone here kumisa izvi?” Akati, “Rimwe zuva muchauya imwe hondo muno. Uye vavengi vedu vose ava, vemuGosheni umo, vaIsraeri ava, vachazvibatandza pamwe nehondo iyi, uye vachatikunda. Zvino upfumi hwedu hwakakura huchaputsirwa pasi, humambo hwedu hukuru huchaparadzwa.

Vachatitora. Dambudziko renyu nderei? Mumwe munhu, ngaataure! Hapana here chamunoziva chekutura?” O, aiva neutsinye, uye utsinye zvakanyanyisa. Vatariri vese, vachibvunda.

Mumwe wavo akasimuka, akati, “Raramai nekusingaperi Mambo Farao.”

“Zvakanaka, taura zvauri kufanira kutaura!”

¹⁰³ Akati, “Raramai nekusingaperi mambo. Vanoremekedzwa, changamire,” akati, “Ndinoshuvira kuti muwedzere mitoro pavanhu.”

¹⁰⁴ “Iwe dununu! Makatowedzera kare mitoro yakawanda pavanhu, asi vanongowedzera zvakadaro. Sei, iwe, kana ari iwo mazano ese aunawo, chingozvichengeta wakazvinyararira!” O, aiva akakwasharara.

¹⁰⁵ Mushure mechinguva mumwe akasimuka, achinyemwerera zvikuru pachiso, sadhiyabhorosi. Zvino akati, “Raramai nekusingaperi Mambo Farao.” Akati, “Ndine zano.”

Akati, “Zvakanaka, taura hako! Usamira wakadaro!”

¹⁰⁶ Iye akati, “Ndichakuudzai zvatingagona kuita.” Akati, “Munoziva, vanhu ava vari kuwanda nekukurumidza.”

¹⁰⁷ “Hongu, ndizvo chaizvo!” Akati, “Vamwe vavo, vamwe vevanhu vavo vane vana vanosvika gumi nevana, dzimwe nguva vane vana makumi maviri. Uye vanhu vedu havana pamwe mumwe chete.” Ndokuti, “Vari kuwanda nekukurumidza, vari kungotekeshera nyika yese.”

¹⁰⁸ Munoono, Mwari aiita chimwe chinhu. Maona, Mwari anogarovhara meso adhiyabhorosi, munoono. Maona? Anoziva zvaAri kuita. Maona? Uye madzimai ese aya achingobereka vana vakawanda.

¹⁰⁹ “Sei,” akati, “raramai nekusingaperi mambo. Zvakanaka, ndikuudzei. Nguva yese mudzimai paanozvava mwana mukomana... Endai munyika muno mutore vakadzi, vasiri anamai. Maona, vakadzi vasina kumbobvira vaita vana, vakadzi vasingadi vana uye vasina rudo kuvana, varoyi vane mhino refu. Maona, kana mhuno yakarebesa, ndizvo zviri nane! Minwe mirefu yachembera, zviso zvakapendwa, zvino movatora. Havazivi kuti rudo rwaamai chii. Saka apo kamwana kakomana pakanenge kachizvarwa, sei, ngaavaende vanotora kamwana kakomana ikako, vokaunza kunze vorovera musoro wako pamadziro, vokakandira mumba makaremo kuna amai vacho saizvozvo. Vokakandira mutsime guru. O, zvitori nane pane izvozvo, kumutora vomusunga maoko nemakumbo, vomukandira kunze, makarwe akodzwe. Ndiyo nzira yekuzvipedza. Zvino havazowedzeri zvakanyanya, nokuti panenge pasisina varume vasara; Tauraya vana vakomana vese vacheche.”

¹¹⁰ “O,” Farao anoti, “izvozvo zvakanaka! Izano rakanaka!” Munoono zviri dhiyabhorosi? Akaipa, haana here? Akati, “Saka ndicho chinhu chekuita! Enda unotora . . . Ndiwe une . . . Zvino, sezvo uri iwe wauya nezano, ndichangokuita mutariri wazvo. Enda kunze unotora chembere dzose dzaunoziva, dzidzisina kumbova vanamai, uye dzisina rudo kuvana. Zvino vari . . .” Ivo . . .

¹¹¹ Munoono, zvinotora amai kuda mwana. Unorangerira kudiwa kwawaitwa namai? Zvakanaka, zvino tarirai, amai vanoda vacheche vadiki.

¹¹² Asi vaifanira kuwana mumwe munhu uyo—uyo vaive vasina . . . vaiva vasina vana, vasingadi vana, vakadzi va—va—vangori neutsinye kwazvo. Zvino ndokuti, “Vaitei mapurisa. Uye kana mavaita mapurisa, movapa mirayiro yekuti vanogona kupinda mune chero imba yavanoda, vatora mucheche wese kunze vomuovera musoro wake pamadziro, uye vomupa kumakarwe kuti adye. Mwana mucheche wese!” O, utsinye hwakadini! Zvino munoziva zvavakaita?

“Zvakanaka, zvakanaka!”

¹¹³ Zvadaro zuva rakatevera Amrami aiva zasiko achishanda, akanzwa kuti nyaya iyi yanga yaitwa.

¹¹⁴ O, anoenda kumba. Ndokuti, “O, Jokebhedhi! O, mudiwa, rega ndikuudze chimwe chinhu. Unoziva kuti rayiro yapiwa, ndeyeyi? Kuuraya vakomana vacheche vese.” Uye ndokumuudza. Akati, “O, handingazvigona ini.” Hoyo okwira masitepisi zvakare, kunonamata. Usiku ihwohwo akanamata kupfuura zvaakanga akamboita.

¹¹⁵ Tinofanirwa kuramba tichinamata here? O, ramba uchinamata! Ndizvo here? Ingoramba uchinamata, zvisinei kuti chii chinoitika. Ramba uchinamata!

¹¹⁶ Zvino, chinhu chekutanga chaunoziva, akanamata usiku hwese, “O Mwari, ivai nenyasha! Batsirai, Mwari! Tinonamata kuti Mutibatsirewo neimwe nzira.” Odzoka zasi, kwava kuedza.

¹¹⁷ Zuva nezuva, uye, o, kuungudza kwakadini munyika! Mazuva ese vainzwa vanamai vachiridza mhere, kukwira nekudzika mumigwagwa. Vaitora vacheche vavo kubva mumaoko avo, vakomana vacheche vavo, vaiyevedza. Varoyi ivavo vaipindamo, vatora tsoka dzavo duku, vovarovera pamadziro vofa, vovakandira mumakarwe. Amai vanonzwisa urombo vaienda pamabvi avo, uye vochema, “O, musatora mucheche wangu! Musatora mucheche wangu!” Uye, o, inguva yakadini yavaiva nayo!

¹¹⁸ Munoziva kuda kunoita amai mwana mucheche, uye kuti anovanyerekedza chirebvu sei. Rangerira kutorwa kwawaitwa naamai vo—vokugeza, nekukutsvoda, uye—uye—uye voti waiva wakanaka zvakadii. Uye kukuisa mumubhedha usiku. Zvino,

o, kana—kana waizo. . . musuwo mudiki wakazaruka, kamhepo kachipinda, kana chakadaro, o, ini zvangu, vaichimbudzika kumhanya kunovhara musuwo, vofukidza kacheche saizvozvo, uye, munoziva, vokatora. Vaikuda. Maona? Vaikuda. O, vaida kanhu kadiki aka kainzwise urombo kavainge vapiwa naMwari, kaisagona kuita chinhu uye kasingagone kuzvibatsira, saka vakada kacheche aka. Zvino vaingosvepura vacheche vavo nekutamba navo, nekuti vaiva amai chaivo. Maona?

¹¹⁹ Asi chembere idzi dzinouraya vacheche, dzaisaziva zviri rudo rwaamai. Vaisava vanamai. Zvese zvavaingofunga, vaingova nenguva huru yemafaro enyika mupfungwa dzavo, zvinhu zvenyika, saka vaienda vonouraya vacheche ivavo. Muri vadiki kuti muzive, asi zvichiri kungoitika. Ndizvozvo. Zvino imi vakuru munoziva zvandiri kutaura pamusoro pazvo. Ndizvozvo, zvanyanyisa! O, munoti, “Hangingatore. . .” Asi nyaya yekubvisa pamuviri chinhu chimwe chete. Zvakanaka, asi munoono havazivi kuti upenyu hwaamai chii. Zvino mavakuziva zvandinoreva pandinoti “anamai chaivo”! Ndizvozvo. Hapana musiyano; dhiyabhorosi mumwe chete! Saka hapo, zvadaro, ivo. . . Chingofunga nezvezviuru zvakapetwa zviuru zvakapetwa zviuru, gore negore, sekuipa kwazvanga zvakaita muEgipita, kana kupfuura.

¹²⁰ Zvino ipapo, zvadaro, vakapinda, vaive vasina rudo rwaamai, saka vaitora vacheche ivavo vovauraya. O, zvakaramba zvichiwedzera kuipa zvichiipa. Uye rimwe zuva kukazova nerimwe guhu, vari kuzova nemumwe musanganano.

¹²¹ Farao akadana makurukota ake ese pamwe chete, uye vese pamwe chete. Vakapinda imomo. Akati, “Zvakanaka, vachiri kungowedzera kuwanda! Tichaitei pamusoro pazvo zvino?”

¹²² Muchinda mumwe chete, ane chiso chine mano chine huso hunenge hwadhiyabhorosi, ndokusimuka. Akati, “Raramai nekusingaperi Mambo Farao. Ndine zano. Tarirai, maita kuti varume vashande. Itai kuti vave nechitofu chezvidhinha, zvakanaka vakati zuva rega-rega, vaitei kuti vazvigadzire nemauswa. Mauraya va—vana nezvakadaro, asi vachiri kuwanda. Chinhu chamunofanira kuita, kuisa vakadzi pabasa, zvakare. Kana mukaisa vakadzi pabasa, zvino havazo. . .” Zvino, haisi nzvimbo yemudzimai. Kwete. Saka vakati, “Asi itai kuti vakadzi vashande, muvaise kunze uko, muvaita kuti vagadzire zvidhinha, zvakare. Uye zvadaro vachange vaneta pavanodzoka, hava—havagone kubikira varume vavo svusvuro, havachagona kuva amai vakanaka, maona. Zvino saka kana vachizoshanda vachiita saizvozvo, saka ivo—ivo havazogona kuzviita. Saka, imi vaise pabasa, zvakare.”

¹²³ “Zvakanaka! Ini zvangu, uri murume akachenjera.” Saka anoisa vakadzi vese pabasa.

124 Zvino heuno mukweguru anonzwisisa urombo Amrami anouya, anopinda usiku ihwohwo, akati, “O, Jokebhedhi, handizive kuti tichaitei. Zvino vave kushandisa vakadzi vose. Ndi—ndikuudze, o, handisi kutongoziva zvekuita! Tiri—tiri—tiri kungo. . . Tiri nhapwa, uye tiri kungowedzera kuipa. Ndi—ndichafanoreva izvi: kana Mwari akazotiitira chimwe chinhu, zvichazoitika mushure mokunge tese tafa.”

125 Zvino, Mwari havamiriri saizvozvo. Vanodaro here? Kwete. Mwari anongotitarisa dzimwe nguva. HaAdaro here? Zvakanaka.

126 Saka zvarodaro manheru iwayo, akati, “Ndava kukwidza kunonamata kupfuura zvandati ndambonamata!”

127 Zvino, ndiyo nzira yekunamata nayo. Handiyo here? Namata kupfuura zvawati wamboita, nyatsosvika pakurevesa! Munoono, ukangokwira woti, “Mwari, ropafadzai *Nhingi-nanhingi-nanhingi*.” Mwari hava—havabatikane zvakananyana nazvo. Asi paunonyatsorevesa! Apo imi vakomana nevasikana vadiki munenge monamata, reveasai! Munodaro muchikoro here? Mu—munokumbira Mwari here kuti akubatsirei muchikoro? Pa—pamunenge muchienda kuchikoro, musingabudirire zvakanaka pabvunzo, unoenda woti, “Mwari, ndi—ndinoda kuti Mundibatsire.”

128 Munonamata here? Vakomana nevasikana vechidiki vangani vanonamata? Tionei maoko enyu. O, zvakaisvonaka. Zvino, zvakanaka. Mune nzvimbo yakahwanda here kwamunoenda kunonamatira, uko mai nababa havambokuonei? Munonamata saizvozvo here? Imi, hamunamate saizvozvo here? Iva nekanzvimbo, kekuverevenda kunonamata, wopira munamato wako mudiki. Unoupira usiku hwega-hwega usati waenda kunorara? Paunomuka mangwanani. . . . O, zvakanaka. Vangani vamwe vakomana nevasikana vadiki, simudza ruoko rwako, vanonamata, mese muchivakwa. O, hazvina here kunaka! Saka, zvino, zvakanaka. Zvinoratidza kuti munamai nababa chaivo vanokudzidzisa kuita zvinhu izvi. Zvino, zvino kana mava kunyatsoda rubatsiro, motonamata zvakaperera. Hamuna here kudaro?

129 Saka, Amrami mudiki, anokwidza masitepisi. O, ini zvangu! Aisada kudya kwamanheru. Akati, “Zvanyanyisa kuipa. Ini zvangu!”

“O,” mudzimai akati, “munofanira kudya svusvuro, baba.”

“Handisi kungokwanisa kuzviita, Jokebhedhi. Handisi kungogona kuzviita. Ini—ini. . . .”

130 “O,” akati, “asi uri kuonda, hauna kugadzikana, uye chiso chako chakaumbuka. Uri kurutsa kudya kwako, nezvimwe.”

131 “O, handizivi zvekuita! Asi,” murume ndokuti, “mudikani, kana mumwe munhu akasaisa vanhu pamoyo, kana mumwe

munhu akasanamatira vanhu, chii chatichaita? Tiri kuwedzera kuipa. Zvirokwazvo, imwe nguva, Mwari uchanzwa!”

¹³² Hongu, ndizvozvo. Ndizvozvo. Mwari achanzwa. Iwe ingorevesa wongoramba uri ipapo!

¹³³ O, nguva ino anokwidza masitepisi zvakasiyana. Paanokwira kumusoro nguva ino, anopfugama, oisa maoko ake mudenga, odanidzira, “Mwari, ndiri kutaura neMi zvino!” Ameni. Kupinda mukurevesa! “Mwari, Mune nzeve, uye Munonzwa. Mune maziso, uye Munoono. Mune ndangariro; Munoziva Shoko reNyu. Munoziva vimbiso yeNyu. Ndapota, Mwari, tarirai zasi kuno! Mwari waAbrahamu, Isaka, naJakobho, kuti vanhu veNyu vari mukushungurudzwa, uye vari kufa. Tiitirewiwo chimwe chinhu, Mwari!” [Hama Branham vanogodza purupiti katatu—Mupepeti.] “TinoKudai izvezvi! TinotongoKudai, kana kuti taparara. Tinofanira kuva neMi. Tinotofanira kudaro, kana tiri kurarama.” Ndipo paunonyatsonamata. O, akanamata!

¹³⁴ Munoziva, dzimwe nguva vanhu pavanonamata, vanoneta. Havadaro here, mai nababa? O, vanoneta! Hama Branham dzimwe nguva vanoneta kusvika ndinopotsa ndafenda pandinonamata kwenguva refu; kungoziya, wogara usina kudya, nezvimwe, kwemazuva; ndichinamata ndichinamata ndichinamata, nekuparidza. Uye ndosvika panzvimbo pekuti ndinopotsa, ndafenda. Zvino dzimwe nguva vanhu vanodaro. Handiyo nguva yekuregedzera. Ramba uchienda mberi! Mwari achapindura! [Hama Branham vanogogodza purupiti katatu—Mupepeti.] Hongu, changamire. Ramba wakabaturira! Hongu, changamire.

¹³⁵ Saka anokwidza tumasitepisi, twachembera tunorira. Uye ndinogona kuona Jokebhedhi achipfuura, oti, “O, Amrami, usadaro. Mudiwa, ndi—ndinotenda . . .”

¹³⁶ “Zvino, Jokebhedhi, tarira, wakarurama, nerunako . . .” Aiva amai vakanaka, vane runako. Ndokumusvepura padama, unoziva, ndokumubhabhadzira *sezvizi*. Akati, “Zvino, amai, dzokerai munoradzika Aroni na—naMiriami kundovata. Uye ini ndava kukwidza kunonamata. Uye zvino, mukandinzwa ndichichema, musauya kumusoro.”

¹³⁷ “Zvakanaka, asi, Amrami, uri kuzoitai, mudiwa? Iwe, wave kufa.”

¹³⁸ “Hongu, asi ndi—ndine mutoro wevanhu pamoyo wangu. Ndinofanira kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Ndinofanira kugara pamabvi angu. Zvino saka vanhu vese . . .” Iye akati, “Nhasi uno, nhasi chete, zasi kuchikomo chezvidhinha, ndanga ndiri zasiyo, ndangoramba ndichiti, ‘Zvakanaka, zvirokwazvo, Mwari achanzwa!’ Zvino mumwe murume mukuru akwegura ndokuuya, akaisa maoko ake pachiuo chake, akati, ‘Achanzwa riini? Achanzwa riini?’ Unoona kutsamwa kwakanga kwoita vanhu? Vave kupesana naMwari, nekuti vanonamata

vachinamata vachinamata, asi hapana chakaitika. Zvino uyu anonamata achinamata achinamata, uye hapana chinoitika. Zvino vaprisita vese vanoti, ‘Mazuva ezvishamiso akapfuura, uye chinhu choga chatinogona kuita kukotamira kuvatariri ava vanonamata vahedheni, kana kuti vamwari vechihedheni, nezvakadaro. Uye isu tingagodini?’ Asi iye akati, “Asi ini ndinotenda muna Jehovah! Amen! Ndinotenda kuti Achiri kupindura munamato!”

¹³⁹ Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Amen!”—Mupepeti.] Munozvitenda here? Amen! Imi vese vanozvitenda, itii, “Amen.” [“Amen.”] Achiri kupindura munamato! Zvakanaka.

¹⁴⁰ Kamutumbi kachembera kakaperezeka, aonda. Hoyo anokwidza masitepisi anorira, oendapo ondopfugama pasi. Akati, “O Jehovah!” O, akanamata sezvaakanga asati amboita! Akati, “Jehovah, tarirai kuno! Muri Mwari chaiye. Tinotenda kuti Mune nzeve. Tinotenda kuti Mune maziso. Uye Munoziva zvinhu zvese. Uye tinotenda kuti ndiMi Mwari wevaHebheru, uye tiri vanhu vevimbiso. Tinotenda kuti Munochengeta Shoko reNyu.” Akati, “Tarisai mahedheni kunze kuno, kuti vari kutishandisa zvachakhipa, vachivaka nzira huru nemipunzo, nezvese. Imi, Jehovah, Mungagare Kudenga here muchirega mahedheni achiKutongai? Handitendi kuti Mungazviita.” Amen!

¹⁴¹ Ndichiri kungozvitenda kuti haVadaro! Amen! Panouya dhiyahhorosi; Mwari achiri Mwari! Ndizvo! Havangatenderi madhimoni iwayo kuti adaro. Ndinotenda kuti, nhasi uno, apo zvechimanjemanje nezvisina maturo, nezvese izvi zvinyangadzo zviru kuitika; zvakadaro, Mwari achiri kutonga uye Achiri Mwari! Ndizvo! Zvatinoda munhu akaita saAmrami, ane mutoro pamoyo wake, acharamba aripo achinamata, kusvikira Matenga kumusoro avhurika, Mwari vodzika vopindura munamato. Amen.

¹⁴² “Zvino tarirai pano,” akati, “Mwari, Munorega here vahedheni vachinyomba vanhu veNyu sezvizvi? Mavhiki nemwedzi nemakore apfuura. Tinonamata nguva dzese, nemisodzi, asi... [Chibenga patepi—Mupepeti.] O Mwari, Mungatendera zvakadai here?”

¹⁴³ Ndinoshamiswa nhasi uno, kuti apo mazana evacheche vanokandwa munzizi nezvidziva, vasingatenderwi kurarama, nenyaya dzekubvisa pamuviri nezvese zvichiitwa; O Jehovah, Mungatendera here zvinhu zvakadai kuti zvienderere mberi? [Hama Branham vakagogodza papurupiti katanhatu—Mupepeti.] Nhasi, apo hwiski nedoro, neupenyu weusiku, nezvese, zviru kudandzira. Kunyange purupiti yareruka zvekuti vanotyana kutaura chero chinhu pamusoro pazvo. Jehovah, Mungatendera zvisina maturo kudai zvichiendeka here? Achapindura rimwe zuva. O, hashu dzaKe dzinotyisa kana

dzouya. Hongu, changamire. Madzimai vachiita ziso remwana wavo ndiro yefodya, yokudonhedzera madota imomo, nezvese. Uye vanhu vanoenda nevacheche vavo kumabhawa, tusikana netukomana tuchigara, tune makore matanhatu kana masere, tuchinwa, nezvinhu zvakadaro. Uye nyika ichizvitendera, uye, “Zvakanaka.” O, ini zvangu! Munofunga kuti Jehovah haazvione izvozvo? Apo, vari kutoita dambe nevanhu vakanyatsonaka kunaMwari. Zvinhu zvese izvi zvichiendeka, kuita dambe. Batirira, chingoramba wakabatirira! Jehovah achapindura. Usanetseka. Zvakanaka.

¹⁴⁴ Tinoenda mberi zvishoma. Tinomuwana kumusoro uko achinamata. Uye anorukutika, orara pasi. Anongonamata kusvikira awira pasi. Haachagona kuenderera mberi, ndokumborara zvishoma. Akamuka. “Chii? Tarira kwese kuno! Chiedza icho chiri kubvepi? O, tarira, chimire mukona.” Paive pakamira Ngirozi, munondo waKe wakaremba parutivi rwaKe. O, akatarisa zvakare, ndokupukuta meso ake. Akasimuka nebvi rake, ndokuti, “Ishe, o, o, chii—chii chaMungada kwandiri?”

¹⁴⁵ Iye akati, “Amrami, ndiri Ngirozi yaMwari. Ndatumwa kubva Kudenga, kukuudza kuti Mwari anzwa munamato wako. Uye ndauya kuzokuudza kuti Achatumira mudzikinuri. Anorangarira vimbiso dzake dzese.” Ndinona Ngirozi zvino; Mutarisei, Achisvomhora munondo uyu. Ounongedzera kuchamhembe. Amrami akatarisa. Akati, “Kwakanongedzwa nemunondo uyu ndiko kune nyika yechipikirwa. Uye ndakavimbisa Abrahamu, Isaka, naJakobho, madzibaba enyu, kuti vanhu imi muchazatora nyika iyoyo. Zvino ndanzwa kugomera kwevanhu, ndanzwa kuchema kwevana, uye ndadzika. Uye ndinoda kuti uzive kuti uchava nechikamu chikuru mazviri, Amrami, nekuti wanga wakatendeka mumunamato. Wanga wakatendeka muimba yako. Uye nguva yakada kuita seino gore rinouya, Jokebhedhi, mudzimai wako mudiki wakanakisa, uchava nemwanakomana. Uye mukomana mudiki iyeye achazova mudzikinuri.” Glory!

¹⁴⁶ Iye akati, “O, hongu. Hongu. O, hongu. Hongu. O, Akaisvonaka.” Akatarisa, zvino Ngirozi yakatanga kusimuka. Zvakangoita sokunge matenga ese akazaruka, iYe ndokubuda mumba. Akamirira zvishoma. Akati, “O, handisi kupenga.”

¹⁴⁷ Akadzika masitepisi, nechimbichimbi, akati, “Jokebhedhi! Jokebhedhi, kurumidza!”

Akati, “Hongu, chii, mudikani?”

¹⁴⁸ Ndokuti, “Muka!” Zvino chiedza chemwedzi chichivheneka nepahwindo, chaiva... Aitaridzika zvakaisvonakisa. Uye murume ndokuti, “Ndichangobva mukuona Ngirozi yaMwari, Uye Yandiudza zvinhu zvese izvi.”

“O, Anga achiratidzika sei?” amai vakataura. “Anga achiratidzika sei?”

¹⁴⁹ Akati, “O, Anga akanaka. Anga aine hanzu inopenya. Maziso aKe anga achivaima. Uye Anga aine munondo muruoko rwaKe, akaunongedza kuchamhembe.” Ndiyo nzira, yaunoziva nayo, kune nyika yechipikirwa kubva muEgipita; kumusoro uko, Palestine. Akati, “Anongedzera kuchamhembe. Uye Ataura kuti tichazova nemwana panguva seino gore rinouya, uye mwana mudiki uyu achazouya ova mukundi, uye achadzikinura vanhu vaKe. O, hareruya, Jokebhedhi!”

¹⁵⁰ Zvino akacherechedza kuti mudzimai anga acheneruka. Chiso chake, maziso ake anga akananganidza, maziso ake mahombe anga akatarisa. “Jokebhedhi, chii chanetsa?”

“O, Amrami! Kwete, kwete, kwete! Isu kuva nemwana mukomana?”

“Hongu.”

¹⁵¹ “O, iwe... Hazvingadaro. Unozivei? O, dai usina kumbobvira wava nechiratidzo ichi. Unoziva chii, Farao, ari kuuraya vacheche vese.”

¹⁵² “Hongu. Asi, unoziva, kana Mwari akatipa mwana uyu, Mwari achachengeta mwana wacho. Ameni! Mwari avimbisa. Mwari achamuchengetedza.”

¹⁵³ Zvakanaka, zuva rakatevera anobuda kuenda kubasa. Zvino machinda ese kumusoro ikoko, vanochedza Amrami. Panzvimbo pekuuya, munoziva, akangokovara akarezuka; aiva nemapendekete ake ari mudenga, akati, “Svitsai zvimwe zvidhinha. Huyai, handei!”

“Chii?”

“Mwari ngaarumbidzwe! Mwari achapindura munamoto.”
O, kwete...

¹⁵⁴ Munoziva, zvinoita kuti unzwe zvakanaka paunowana mhinduro. Hatizvize here, baba namai, apo Mwari paanopa mhinduro? Haufanire kuona chiratidzo. Chingoziva kuti mhinduro iripo, ndizvo zvega. Ndizvo bedzi, kungoziva kuti mhinduro iripo.

¹⁵⁵ Zvino, teereresai zvino, ndinoda kuti muteerere, zvakaaitika. Zvino munoziva, mushure mechinguva, vakati, “Zvakanaka, Amrami, chii chaitika kwauri?”

¹⁵⁶ “Mwari ari kuzopindura munamoto! Mwari ari kuzopindura munamoto!”

“Zvakanaka, Ari kuzopindura sei munamoto?”

“Hazvina musiyano wazvinoita.”

¹⁵⁷ Mumwe mutana akauya, akati, “Zvino ndiriini waunofunga kuti Achazombopindura?”

158 “Zvino, handisi kuzokuudza, nekuti hausi mutendi, zvakadaro. Ndisvitse zvimwe zvidhinha.” Ndokuzvikandiramo saizvozvo! . . .? . . . Hazvina basa; haufanire kuudza vasingatendi zvinhu zvese. Unodaro here? Hazvina musiyano. Kwete, changamire. Kwete zvirokwasvo. “Nditambidze zvimwe zvidhinha. Hareruya! Ari kuzopindura munamato!” Ndiwo manzwiro aunoita paunoziva kuti zviru kuzoitika. Handizvo here? Hongu, changamire.

“Zvakanaka, Achazviita sei?”

159 “Hauzivi, zvakadaro, saka chingoramba uchitambidza zvidhinha.” Ndokuzviisa zvese imomo, akaisa zvidhinha zvitsaru zvese imomo.

160 Manheru iwayo akaenda kumba, akati, “O, Jokebhedhi, zvifunge, tiri kuzova nemwana! O, achazova mudzikinuri! Mwari ari kuzomutumidzira. O, zvichange zvichizofadza.”

“O, asi ndiri kuzo. . .”

161 “O, rega kunetseka! Rega kunetseka! Ini zvangu! Mwari ari—Mwari ari kurutivi rwekuteerera zvino. Mwari ane nzeve; Mwari anogona kunzwa. Mwari ane maoko; Anogona kudzikinura.” Saka, o, aiva nekutenda kwakawanda.

162 Munoziva, paunoramba uchinamata, unowana mhinduro, unonyatsowana kutenda kwakawanda ipapo. O! Wakambonamatira chinhu here, uchiziva kuti Mwari vaizokuitira? Munozviita here vasikana vadiki, nemi vakomana vadiki? Hongu. Chokwadi. Ndipo apo iYe. . . Ndipo pamunoziva kuti zviru kuzoitika. Zvakanaka.

163 Gore rese rinopfura. Uye chekutanga chamunoziva, heunoi Amrami anouya kubva kubasa rimwe zuva. Zvino chii chakaitika? Rusvava rwakaisvonakisisa, o, aiva mudiwa mudiki, akada kureba *sezvizvi*. Saka zvino akamusimudza, ndokumupira kuna Amrami. Zvino anomusvepura, munoziva. Anomuda, munoono. Uye amai vanga vakamubata. O, ipfuma yakadini! Mudzimai akati, “O, ndiri kutya zvikuru, zvisinei, unoziva. Mwana mudiki uyu, kanhu kakaisvonaka.”

164 Zvino munozivei? Bhaibheri rakati ndiye aiva mucheche akaisvonakisa ati amboberekwa. Zvino ndinoziva kuti anamai vachapesana neni pana izvozvo. Uh-huh. Vaifunga. . . Amai vako vaifunga kuti ndiwe waiva rusvava rwakanakisisa. Handizvo here? Hongu. Ane mvumo yekufunga izvozvo. Asi Bhaibheri rakati uyu aiva mwana mudiki akanaka pakuratidzika. O, aiva akanakisa. Mwari aiva nemaoko ake paari, munoziva. Saka, o, aiva chinhu chakaisvonakisa kupfuura zvese! Aingorapapo, uye a—ainyemwerera zvisvishoma, asina mazino.

165 Waisava here nemunin’ina nevamwe, vaidaro, pavaisa—sava nemazino, achingonyemwerera *sezvizvi*?

Zvino chekutanga chamunoziva, “Wah!”

“O, ini, zvangu! Whew! Ndinoziva, ngatingomuhwandisai.”

“Chii chanetsa? Uri kuitei?”

166 “Dzika naye pakamuri yezasi. Unoziva zviri rayiro. Tarisa, kana varoyi vaye vemhino refu vakapfuura nepano, vanотора mwana wedu vomuuraya. Ndizvozvo. Hatingaite kuti acheme.” Saka, o, aida—aida kudya kwamangwanani kana svusvuro. Saka amai vanoenda naye muchikona, vomuyamwisa, munoziva. Saka akanga anaka zvino.

167 Saka usiku wakati kuti mushure mazvo, vaitamba naye. Uye, “Wah,” akatanga zvakare, munoziva, akatanga kuchema. Akaenda naye nekuchimbida, ndokumuvanza, akamuhwandisa nechimbichimbi saizvozvo. Uye zasi kwemasitepisi, zasi-zasi kuseri, mumadziro, Amrami akanga agadzira nzvimbo diki yaaigona kuhwandisa mwana.

168 Uye zvino chekutanga chamunoziva, vakanzwa chimwe chinhu kumusoro kwemasitepisi chichiti... [Hama Branham vanogogodza papurupiti katanhatu—Mupepeti.] “Whew! Tizai!” Munhu wese anotizira panzvimbo imwe chete, ndokuti, “Ndivavo. Ndivo varoyi, vaye vezvigunwe zvakareba, nenzwara dzakapendwa!” Zvino varoyi vaye vakatarisa zasi ikoko. Ndokutarisa panze pehwindo, akati, “Hongu, ndivo. Vakamirapo.”

[Hama Branham vanogogodza purupiti kashanu—Mupepeti.] “Vhurai!”

169 Mukweguru Amrami akabuda, ndokuvhura musuwo, akati, “Munodei?”

170 Vakati, “Mune mucheche muno, uye tinozviziva. Zvino tiri kuzomutora.”

“Hatina mucheche wekukupai.” Vakanga vasina.

171 “Tiri kupinda kuzotarisa, zvakadaro. Tiri mapurisa echikadzi. Honai mabheji edu?” Zvino izvo... Hachisi here chinhu icho mudzimai chaasingafaniri kuva? Asi, “Tiri mapurisa echikadzi. Tine kodzero dzedu kubva kumatare!” Munoziva, tinavo pano iye zvino. Uye saka—saka zvadaro vanodzikisa, vopinda. Vanopinda vopindura sofa, vovhura madhirowa ese, vokandira zvinhu zvese pasi, vотора hembe dzese dzekurarisa vodzizunzira kunze. Uye vokwira masitepisi voona paiva ne nzvimbo diki yakavanzika yababa. Ndokutarisa kwese, asi vakatadza kuwana mwana.

172 Havana kuwana mwana, saka vakafamba kumudzimai ndokumubvunza. Zvino, Jokebhedhi anonzwisa urombo amirepo, chiso chake chakanga chakacheneruka. Vakafamba vachiuya, ndokuti, “Tarisa pano! Tinoziva kuti uri a—amai. Tiri kuzviona nemaratidzikiro ako. Tinoziva kuti uri mudzimai ari kuyamwisa, uye tinoziva kuti mwana iyeye ari pano. Tichadzoka.

Tichamuwana!” Havo vakabuda pamusuwo. Vakarovera gonhi, ndokuenda.

Mudzimai ndokuti, “O, o, tingaitei? Tingaitei?”

¹⁷³ Saka Amrami akati, “Kunamata.” Ndicho chinhu chekuita here?” [Vakomana nevasikana vanoti, “Hongu.”—Ed.] Ndicho chinhu here? “Kunamata! Ngatinamatei.”

“O, o, o! Handizivi zve—zvekuita. O!”

¹⁷⁴ Saka murume akati, “Zvino, chitarisa, iwe dzikama, uende kunoyamwisa mwana zvakare. Ndave kukwidza masitepisi kunonamata.”

¹⁷⁵ Saka anokwidza masitepisi ononamata. Iye akati, “Jehovah, Mune nzeve. Jehovah, Mune meso. Jehovah, Munonzwa. Munogona kupindura munamato. Ndimi makatipa mwana uyu. Makatipa vimbiso yeNyu. Uye Muchachengeta vimbiso yeNyu, uye Muchachengeta mwana uyu. Zvino ndine kugutsikana!”

¹⁷⁶ Mushure mekunamata, aneta zvikuru, a—akangodonha *sezvizvi* ndokubatwa nehope. [Hama Branham vanoteedzera ngonono—Mupepeti.] Akanga aneta chose! Akashanda zuva rese, achinamata usiku hwese. Akanga aneta. Uye zvino munoziva zvakaitika? Akarara, ndokurota hope.

¹⁷⁷ Munoziva, Mwari anotaura muzvirotowo, zvakare. Haadaro here? Chokwadi, Anodaro. Hongu, anodaro. Anogona. Maona? Uye anotaura muzvirototo.

¹⁷⁸ O, paakamuka, akati, [Hama Branham vanoridza zvigunwe zvavo kamwe—Mupepeti.] “Ndizvozvo! Ndaifanira kunge ndakafunga nezvazvo. Ndizvo zvandinofanira kuita.” [Hama Branham vakagogodza papurupiti kashanu.] “Hapana zvandinogotaura pamusoro pazvo.”

Anodzika masitepisi. Iye akati, “Jokebhedhi!”

“Hongu, mudikani? O, ndakaneta. Ndiri kutadza kurara.”

“O, enda kunorara. Enda kunorara. Zvapera zvese.”

“Unoziva sei?”

“O, ndinongozviziva. Ndine kugutsikana!”

¹⁷⁹ Panzvimbo pekuti baba, usiku ihwohwo, vakwire masitepisi kunonamata, vakadzika muimba yezasi. Vakanga vakabatikana zasi ikoko. Zvii zvavari kumboita? Ngativervedzei zasi tinomuona. Ndinomuona zasi ikoko, achiti... [Hama Branham vanotanga kuita mahon’era, vachirova vachiteedzera kuvakwa kwechimwe chinhu—Mupepeti.] “Bho, bho, bho.” [Hama Branham vanoita mahon’era.] Anotora tsanga iyi, oiongorora, oimona oona kuti yakanaka here. [Hama Branham vanoita mahon’era.] Aroni mudiki akabuda zuva iroso, ndokuuya nesvinga radzo, ndokudziisa pasi mukamuri yezasi, munoziva. [Hama Branham vanoita mahon’era.] “Mwari vanokuchengetedza.” [Hama Branham vanoita mahon’era.]

“Chinamoto chakare, zvese zvinofanira kuva chokwadi!” [Hama Branham vanorova pane chimwe chinhu.] Ndokudzisunga.

Mudzimai ndokuti, “Amrami, chii chiri kukunetsa?”

“Hareruya! Hapana, mudikani. Enda hako mberi.”

¹⁸⁰ [Hama Branham vanoita mahon’era—Mupepeti.] “Chinamoto chechinyakare.” [Hama Branham vanorova zvakare pachimwe chinhu.] “Chinamoto chechinyakare.” Unza icho *pano*, munoziva. “Chinamoto chechinyakare.” “Shhhhhhhh,” ochinama chese. “Uye chakanaka zvakandikwanira! Ndipei uku kwakare. . .” Pane zvaaiita.

¹⁸¹ Munoziva, mushure mevhiki rimwe kana mbiri, chekutanga munoziva, vaishaya kuti chii chaaiita.

¹⁸² Saka umwe usiku pavanga vakarara vese, akaverevedza kukwira masitepisi ndokuunza chinhu chidiki ichi kumusoro, munoziva. Anochisimudza *sezvizi*. Ochikwidza. Anosimudza gumbleze pakarara mudzimai wake Jokebhedhi, ochiverevedza pasi pegumbeze. Zvino Aroni mudiki na—naMiriami mudiki vaive vavete, munoziva; oh, aiva chinhu chinotapira chose, musikana mudiki iyeye, uyewo naAroni mudiki. Saka, akachiisa zasi imomo. Akati, “Jokebhedhi, mudiwa.”

¹⁸³ Mudzimai ndokuti, “Wanga uri muimba yepasi uchinamata panguva dzino dzeusiku here, Amrami?”

Akati, “Kwete. Ndanga ndiri muimba yepasi, ndichirumbidza Mwari.”

Ndokuti, “Wanga uchiitei?”

¹⁸⁴ Akati, “Ndinoda kukuudza. Zvino, unoziva kuti chembere dziya varoyi vari dzoka.”

“Hongu.”

¹⁸⁵ “Zvino ndinoda kukuudza zvatiri kuzoita. Tava nemwana zvino kwemwedzi mitatu, uye tinofanira kumubvisa pano.”

“O, Amrami! Uri kuzoitei?”

“Kurasa mwana.”

“Kurasa mwana?”

“Hongu.”

“O, une utsinye!”

“Kwete, handina utsinye. Kwete, kwete, kwete. Ndinoziva zvandiri kuita.”

¹⁸⁶ “Uri kurevei? Handiti, unenge wangoipa saFarao. Uri kuzorasa mwana wedu?”

“Hongu, tiri kuzorasa mwana.”

“O, hatigone kudaro!”

¹⁸⁷ “Zvino teerera. Kana tikamuchengeta, ticharasikirwa naye. Uye tikamupa kune Uyo Akamupa kwatiri, Achamuwana.”

Ndizvo here? “Zvino, kana ukamuchengeta, tiri kuzorasikirwa naye.”

“Uri kuzorasikirwa naye sei?”

“Zvino, varoyi vaye vari kuuya kuzomutora.”

¹⁸⁸ Zvino tarira, ukachengeta mweya iwoyo woenderera mberi uchirarama senyika, uri kuzorasikirwa nawo. Varoyi vegehena vari kukutsvaga. Uye ndizvo chaizvo. Kwese kutadza kwenyika nezvinhu kunze uko, zviri kukutsvaga. Ukauchengeta, ucharasikirwa nawo; asi ukaudzosera kune Uyo Akaupa kwauri, uchauwana nekuuchengetedza. Chii zvino? Kana tikauchengeta, tinoita sei? [Vana vanoti, “Rasikirwa nawo.”—Mupepeti.] Rasikirwa nawo. Kana tikaupira kuna Kristu, tinodini? Kuuchengetedza. [“Kuuchengetedza.”] Amen! Zvakanaka. Zvino mapindura zvakanaka.

¹⁸⁹ Zvino akati, “Jokebhedhi, tiri kuzorasikirwa naye kana tikamuchengeta. Saka kana tikamudzosera—dzosera kune Uyo Akamupa kwatiri, zvino tichamuchengeta.”

¹⁹⁰ Zvino une munhu wemukati. Uye, baba namai, newe zvimwe chetezvo. Asi ukauchengeta, uri kuzorasikirwa nawo. Ndizvozvo. Varoyi vegehena vachautora. Vose vari kuutsvaga! Asi ukaupa kune Uyo Akaupa kwauri, uchauchengetedza kuUpenyu usingaperi. [Hama Branham vakagogodza papurupiti katatu—Mupepeti.] Hareruya! Amen! Pamusoroi, vana, ndingori wechinyakare zvekuti ndinodanidzira. Kana ukauchengeta...Ngatizvitaurei, tose pamwe chete. [Hama Branham neungano vanoti, “Ukauchengeta, unorasikirwa nawo. Ukaudzosera kune Uyo Akaupa kwauri, uchauchengetedza.”] Amen. [Hama Branham vakagogodza papurupiti katatu.] Rangarira zvino, upe kwaAri.

¹⁹¹ Zvino ngationei. O, mudzimai anotanga kuchema. Akati, “O, uri kuzoitai naye?” akataura.

“Tarisa kuno, ndinoda kukuratidza chimwe chinhu.”

“Chii chaunacho pasi pemubhedha wangu apo?”

Akati, “Rega ndikuratidze.” Ndokuribuditsa.

“O, kabhasikiti ketsanga!”

¹⁹² Ingarava diki, ndizvo zvairi. Haina radha, haina chekubata mhopo, haina pfuti huru pairi, asi iri kuzotakura chinhu chinokoshesesa chati chambotakurwa nengarava, kusvika panguva iyoyo. Inzwi! Haina kana mutyairi kana vatariri. [Hama Branham vanoombera maoko avo kaviri—Mupepeti.] Hama, ndinoziva Ngarava yevabvazera, yakadaro, zvakare!

¹⁹³ “O,” akati, “Am- . . . rega ndiitarire, Amrami, rega ndione.” Mudzimai anoendapo.

¹⁹⁴ Akati, “Hona pano, pane kamuvharo pairi. Waona?” Murume anosimudza kamuvharo kacho mudenga.

Mudzimai ndokuti, “Whew! Iri kunhuwa! Uh! Whew! Ini zvangu!”

Akati, “Hongu, rinonhuwa.”

“Sei?”

¹⁹⁵ “Ndakadurura nokuzadza namo yetara. Rakazara bhutumini, kwese.” Bhitumini itara, munoziva, saka vanoizadza bhutumini kwese. Ndizvo zvaafashaidza zasi kuno, ndokuidira pamusoro petsanga idzi. Akanga ariisa namo yebhitumini. Akati, “Hona, mvura haigone kupindamo zvino. Waona, yakanamwa kwese.” Uye akati, “Zvino haimbogoni kupindamo, mvura haigone. Ndaiisa namo yebhitumini.”

Akati, “Whew! Iri kunhuwa zvakaipa!”

¹⁹⁶ Imi vana munoziva namo yetara, kana vachigadzira mugwagwa, “O, munhuwi uya unonyangadza!” Asi ino—ino—ino—inochengeta. . . Ino—inovhara mitswe yese mumugwagwa. Uye ndiwo maitiro ayo, inovharira mvura yese kunze.

¹⁹⁷ Uye ndizvo zvinoita munamato kumutendi. Ndizvo zvinochengeta nyika kunze kwako mazuva ese, paunozvinamira pamabvi ako, woti, “Ishe Jesu!” Zvino Ropa rinodzika, uye Rinovharidzira kuitira kuti dhiyabhorosi asakuwane. Maona? Ndizvozvo. Maona? Saka zvino, o, kakawanda vanhu vanotenderera vachiti, “Zvakaipa,” asi, hazvina mutsauko wazvinoita, zvinokuchengetedza. Ndicho chinhu chine basa, chengetedzo. Ungati, “Uri wechinyakare,” asi, hazvina basa, zvinokuchengetedza.

“Zvakanaka,” akati, “tiri kuzodini?”

¹⁹⁸ “Zvakanaka,” ndokuti, “Ndichakuudzai zvatiri kuzoita. Tiri kuzatora mwana, uye tichazova nekakuonekana. Uye tiri kuzatora mwana tomuisa muno umu, tomuisa kunze muRwizi Nile.”

¹⁹⁹ “O! Kwete! Kwete! Kwete! Amrami, haugone kuisa mucheche wedu uko murwizi.”

²⁰⁰ “Ehe! Ehe! Ndiri kuziva zvandiri kuita.” Munoono, akanga arota hope, aiziva zvekuita. Maona, Mwari vakanga vamuraira. Aiziva zvekuita. Akaivaka, uye akaona kuti yaiva nechimiro cheareka yakaponesa Nowa shureko munguva yake.

²⁰¹ Saka akati, “Honai pano, ndaboora buri diki pamusoro pachu chaipo, kuti agone kufema. Maona, anogona kuwana chiedza chezuva naipapo.”

²⁰² Uye munoziva, areka muBhaibheri reKare, shureko, yakagadzirwa nenzira imwe cheteyo. Uye yaiva neburi pamusoro payo chaipo, kuti ugone kuona namo, maona, uye paazotarisa napo mudenga.

203 Saka zvadaro mucheche uyu, asina zita, aive asitombori nezita; mudiki, mwana asina zita, asi ari mwana akaisvonakisisa munyika yese.

204 Usiku hwakatevera, pavakapinda, vakamirira kusvika nguva dzave three o'clock mangwanani, uye ndokubva ivo... Anofamba kuendapo. Ndokupedza kunamata. Anoenda, uye akati, "Zvino handei, Jokebhedhi, muka!"

205 Saka vakamutsa Aroni mudiki naMiriami mudiki. O, musikana akauya ndokuisa maoko ake, akati, "Baba!" Miriami mudiki, akati, "Hamusi kuzitora munin'ina wedu, mucheche, muri kuzodaro here, monomuisa muNile muzere makarwe ese aye?"

206 Akasaidzira vhudzi rake kumashure *sezvizi*. Uye ake...Aiva nemaziso akanaka, nevhudzi rakanaka. Saka akamusvepura padivi pedama. Akati, "Mudiwa, zvinondirwadzawo, zvakare. Zvinondirwadzawo, zvakare, asi tinofanira kuzviita."

207 Maona, vasikana nevakomana vadiki, dzimwe nguva tinofanira kuita zvinhu zvinoita sekutirwadza, asi tinofanira kuzviita, zvakadaro. Vasikana pavanoti, "Hey, wakamboputa fodya here?"

Iwe unoti, "Kwete."

208 "Zvakanaka, chimboedza imwe chete! O, ndiri sahwira wako, unoziva. Hongu, zviedze."

209 Asi iwe, zvinogona kurwadza zvishoma, asi iti, "Huh-uh. I handiidi." Waona? Waona? "Handiidi."

Akati, "Uchauya here, kuenda kubhaisikopo neni manheru ano?"

210 "Kwete, kwete. Huh-uh. Handiende kumabhaisikopo." Waona? Zvinogona kurwadza zvishoma. Maona?

211 "O, ungori munhu akapata." Usatenda izvo. Zvinogona kurwadza zvishoma. Chingotendeutsa musoro wako kubva kwazviri; ndicho chinhu chaicho chekuita, waona. Zviite nguva dzese, kuita chinhu chakafanira. Zvakanaka.

212 Uye zvino vasikana pavanodzidza kutamba karumveesano kekutambisa zvigunwe zveutsoka nezvakadaro, uye vachida kuti iwe uzviite; iwe vaudze kuti, "Kwete, kwete." Hauite izvozvo, waona.

213 "O, zvino, zvinonakidza zvikuru." Hauna basa nekuti zvinonakidza zvakadii. Unoda kuita zvakafanira, saka unogara uchiita zvakafanira. Zvino, chingorangarirai izvozvo zvino. Hauzvikanganwi, uchadaro here?

214 Zvino, zvino vakaiti? Vakatora mucheche mudiki zvino, ndokukwirako. Uye Aroni mudiki akauya, akati, "Baba, muri kuzoitai nemwana wedu?"

215 Iye akati, “Aroni, gara pagumbo rangu apa, mudiwa.” Akati, “Onaka, Aroni. Kana tikachengeta mucheche uyu, tiri kuzoitai?” [Ungano inoti, “Rasikirwa naye.”—Mupepeti.] “Rasikirwa naye. Asi kana tikadzosea mwana uyu mumaoko eUyo akamupa kwatiri, tichazodii?” [“Muchengetedza.”] “Tichazomuchengetedza.” Ndizvozvo.

“Asi muchazoviita sei, baba?”

216 “Handizivi. Handizive kuti zvichaitwa sei, asi Mwari ari kuzozviita.” Maona?

217 Saka vakaisa mwana mudiki uya imomo, uye anoenda. Uye havo vanoenda zvino, vari kuenda kumusuwo. Vanodzika kumusuwo, anotarisa divi *rinu* renzira, divi *iro* renzira. Kwese hakuna, hakuna munhu ari kuuya. Akati, “Handei, Jokebhedhi. Hande, Aroni. Uya, hande, Miriami. Ngatiendei.”

218 Vanotora areka diki vodzika kutsanga dzemurwizi. O, inguva refu kusati kwayedza. Uye heuno Aroni mudiki anouya, shure uko akabata Miriami mudiki, hanzvadzi nehanzvadzi diki, vaichema. Uye Jokebhedhi anonzwise urombo, ari kuendawo, oti. . . [Hama Branham vanoteedzera Jokebhedhi achichema—Mupepeti.] “Sh-sh-sh-sh-sh! Vari kutarisa mugwagwa. Chenjera. Sh! Ngwarirai.” Vachidzika nenzira. “Sh-sh-sh! Ngwarirai.” Vakatakura mwana mudiki. Zvino amai vanga vakatakura mwana, na—nababa vakatakura areka.

219 Vasvika kurwizi. O, rwizi rwakakura zvikuru, ndirwo rwepiri pakukura munyika yese, zvichida. Saka, zvadaro, rwizi rwakakura, rwuri kumhanya, rwakazara makarwe makuru kwazvo nemipurwa. O, aiva akafuta. Whew! Vakanga vaapa vana vadiki vaya vese kuti adye. Aiva akangofuta. Uye—uye akati, Jokebhedhi anoti kuna Amrami, murume wake, akati, “O, ko mipurwa ikaitora? Ko makarwe ari muno akaibata?”

220 Ndokuti, “Usanetseka. Akaisa mhino dzawo munamo yetara iyi, anobvapo nechimbichimbi, waona. Ndosaka iri kunhuwa, waona. Achaisa mhino yake imomo,” akati, “haigone kufemedza hwema hwenyama yemunhu, saka anobvapo. Tara iyoyo inonhuwa zvinonyangadza zvekuti anotiza. Zvichange zvakana. Usatye.” Saka ivo. . . Uye ipapo vanoisa pasi, areka diki. Uye mudzimai anoti. . . “Zvino yamwisa mwana.”

221 Saka amai vanotora mwana vomuyamwisa, uye vanomuyamwisa kusvika awana bhurakufesiti, mangwanani-ngwanani. Uye iye [Hama Branham vanoita ruzha rwekusvepura katatu—Mupepeti.] anomusvepura. Uye ndokuti, “Zvino, Aroni, unogona kumusvepura.” Aroni anomusvepura. Uye ndokumuendesha kuna Miriami, akamusvepura. Uye amai vanomusvepura, uye, “O,” akati, “Ndiri kungo. . .”

222 “Zvino, sh-sh-sh! Zvino teererai, tinofanira kuva masoja. Maona? Tinofanira kuva masoja. Zvino mese munoda

kumusvepura zvakare?” Vese vanomusvepura, vamutenderedza, zvakare. Zvadaro ndokumisamo.

223 Zvino amai vanga vagadzira kagumbeze, ndokukaisa, nekapiro kadiki. Vakazviisa imomo. Ndokuti, “Mwana wangu anodikanwa, Mwari vakuropafadze.”

“Sh-sh-sh! Zvino, Mwari vachazvitarira. Imi musanetseka.”

224 Muvharo ndokuvharwa. Uye chekutanga munoziva, baba vanotanga kubvisa bhachi ravo, ndokubvisa shati yavo. Havo vanoenda, vachifamba kupinda mumvura.

225 Munofunga kuti chii chiri kuitika kudenga, panguva saiyoyi? Hareruya! Munoziva, zvinhu pazvinoitika zasi kuno, pane chimwe chinhu chiri kuitika kumusoro uKo, zvakare. Amen! Ndiri kuona Mwari achisimuka paChigaro chaKe, ofamba achiuya, oti, “Gabrieri! Gabrieri! Uripa?”

Gabrieri oti, “Ndiri pano, Ishe.”

226 “Uya pano! Ndinoda kukuratidza chimwe chinhu!” Akati, “Imi Ngirozi dzese uyai pano, kweminiti, ndinoda kukuratidzai chimwe chinhu. Ndine vanhu vanoNditenda. Hongu, ndine vanhu vanovimba neNi. Uyai pano, kweminiti! Zvakanakira imi mese Ngirozi, chingotarisa muone izvi. Honai!”

“Zviri papi?”

“Zasi uko chaiko. Tarisa kunze.”

“Ehe, ehe. Hongu, ndiri kuzviona.”

227 “Tarisa zasi uko chaiko. Munooni kumhenderekedzo kwe—kwe—kwetsanga idzo, pane sora nezvimwe?”

“Hongu.”

“Honai apo!”

“Chii ichocho?”

228 “Pane murume akasimudza maoko ake mudenga, ari pamabvi ake, ari kudana kwaNdiri. Pana amai vari kuchema, nevana vadiki vaviri vari kuchema. Vari kuvimba neNi kusvika kumagumo. Gabrieri, unorangarira pawakapinda? Unorangarira murume uya?”

229 “Hongu, wandakasangana naye mumba usiku huya ndikataura kwaari. Uh-huh.”

230 “Achiri kuvimba neNi. Ndine vanhu vanoNditenda! Ndine vanhu vachavimba neNi kusvika kumagumo!” [Hama Branham vanogogodza papurupiti katanhatu—Mupepeti.] “Mamuona? Mutarisei. Ane kwakaisvo . . . Hakusi kushinga here!”

231 Baba vari kufamba mumvura, vanotanga kusundira kachikepe kunze.

Ndinogona kuMunzwa achiti, “Gabrieri!”

“Hongu, Ishe?”

232 “Shevedza Ngirozi zviuru gumi panzvimbo. Dzipe rairo yekufamba izvezvi. Shevedzera kunze hondo yeDenga. Dzitumire dzese kukwira nekudzika, manera eDenga, uvaise vese kumusoro nezasi kweNile. Ndinoraira kuti pasave negarwe rinogumha pasuru iyi! Hapana chichaigumha! Ngapasatombova nechigutsa chemuti chinouya padyo nayo.” Hareruya!

233 Gabrieri akati, “Zvichaitwa.” Ini zvangu! Akaridza hwamanda! Zviuru gumi zveNgirozi dzikauya nezvombo!

“Mutyairi. Muchange muri papi, Ishe?”

234 “Ndichange ndiri kune rumwe rutivi.” Anogara ari kudivi razvinoperera. “Ndichangomirira zasi kune rumwe rutivi. Ndine chinangwa. Vanhu pavanovimba neNi, Ndinenge ndine chimwe chinhu, chinangwa; zvichavanakira.” Zvakanaka, Anoenda zasi kunorumwe rutivi.

235 Ndinoona Mosesi. . . kana kuti Aroni mudiki navamwe, vachidzoka nemugwagwa, vachichema. “Sh-sh-sh-sh-sh! Chenjerai.”

236 Uye Miriami mudiki, achiri akamira, achitarisa. Ndokuti, “O! O!”

237 Akati, “Handei, Miriami, kwave kuyedza. Handei, machongwe ari kukukuridza kuti kwayedza. Handei, kwave kuyedza. Handei, mudiwa, ngatiendei!”

238 Ndokuti, “O, baba, baba! Ndapota, chimwe chinguva zvakare. Ndiregei ndingomira, ingonditenderai ndimutarire ndione zvichaitika. Ndichadzoka kumba mushure mechinguva.”

239 “O,” [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti.] “ipfungwa yakanaka, Miriami. Zvinogona kunge zvakarangana. Iwe chingomira uone utarire zvichaitika.”

“Zvakanaka, ndi—ndichaitarisa.”

240 “Zvino, unofanira kukurumidza kuenda kumba mushure mechinguva. Unongoona zvinoitika. Uye wodzoka, wotiunzira nhau, dzezviri kuitika.”

“Zvakanai, baba.” Zvino havo vanoenda, vaitokurumidza.

241 Miriami mudiki, akamira achitarisa. Chekutanga munoziva, kwave kuyedza. “O, o, o, chii chiri kuuya uko? Chi—chigutsa. Kwete. Igarwe here iro? O, radzokera.”

242 Ha-ha! Raonei? Raona zvisingaonekwi nevazhinji. Maona? Pasuru diki iyi yaienda, ichiyangarara imomo. Vaifunga kuti yaisava nemutyairi; vaifunga kuti yaisava nakaputeni. Yaiva naye. Vese vaiva vakakomberedza.

243 Herinoi rinouya garwe diki, roti, “O, hona uko!” Herinoi rinouya, richiyangarara saizvozvo. Roenda. . . O, kwete. Kwete, kwete. Harigone kuswera pedyo nepasuru iyo.

Imomo maiva mumire mudzikinuri, musununguri, maJudha mamiriyoni matatu aida kudzikinurwa. [Hama Branham

vanogogodza papurupiti kashanu—Mupepeti.] Madhimoni ese mugehena aisagona kumubata. Ichiyangarara, ichidzika nerwizi, iyi areka diki yakagadzirwa netara.

244 Chekutanga munoziva, inopinda muboterere. “O!” Miriami akati, “O, kwete! O, hona uko! Boterere iro, ritarise! Ritarise saizvozvo!” Chekutanga munoziva, kamwe-kamwe inongobuda.

245 Ndiwo mafambiro ainoita. Tinopinda muboterere, imwe nguva, igwa diki iri. Musanetseke. Pane Mumwe munhu ari kutarira. “Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza avo vanoMutya.” Ane zviuru gumi dzadzo dzakarairwa kufora izvozvi.

246 Miriami mudiki, anodzika, anokwira pamusoro pezidombo rino, uye anosusumhira *sezvizvi*. Zvino anomhanya achidzika, otarisa areka. Yodzika *nemuno*, yopinda nemutsumbu yemasora. Mushure mechinguva inohakira imomo. Oti, “O! O, hameno!”

247 (Zvino, baba vake vamuudza, vakati, “Zvino usarega chero munhu achikuona uchiitarisa. Kana munhu akauya, chingoita sekunge usiri kumboritarisa, chingoenda neimwe nzira. Usa—usaite sekunge uri kutomboitarisa zvachose, chingoramba uchienda.” “Zvakanakai,” akapindura.)

248 Maona yadzika nemahombekombe. Inohakira. Chekutanga munoziva, pane boka guru revarauri. Zvino anongoita semusikana mudiki ari kungofamba achidzika. Dzingaita, ten o'clock mangwanani zvino, munoziva, saka akangofamba achidzika nerwizi. Uye meso ake achitarisa shure, nekumativi, kuona kwairi kuenda.

249 Mushure mechinguva anopfuura rimwe boka. Oramba akatarisa; inoenda kure zvishoma. Yoramba ichienda, ichienda kure.

250 Mushure mechinguva anosvika pamadziro makuru. “O, ini zvangu, yave kuenda seri kwemadziro aya!” Angaiti? Haazive zvekuita. Saka haagoni kukwira madziro aya, saka anofamba nemumvura orikwira *sezvizvi*, okambaira pamusoro. Anosvika seri, oramba achifamba.

251 Chekutanga munoziva, ava mubindu rakanaka. Maruva ari kudombera kwese-kwese, uye zvakaisvonaka. Zvino teererai kwechinguva. Zvino tarisai, vasikana vadiki. Maruva akanaka, uye, o, miti yese yakachekererwa. Zvairatidzika zvakazonaka! Ipaki. “O,” akati, “tarisa apo, icho! O, ini zvangu! Ndiri mupaki yemuzinda, muzinda waFarao, mupaki. Ndichaitei muno? Kana vakangondibata ndiri muno, o, ini zvangu, vangazondiita sei?”

252 Zvino anotarisa. Heyo iri kuenda areka diki, uye inoita sekumira kunze uko mumvura, yotanga kuyangarara ichtenderera, uko mumvura. Hameno kuti sei? Zvino anonzwa mumwe munhu achitaura. Anoverevedza kudzokera

muzvikwenzi. Ndokugara, akatarisa *sezvizvi*, munoziva, Miriami mudiki akatanga kutarisa, achiona.

253 Chokutanga munoziva, hapo panouya varume vahombe vakasimba vakasvibira vakatakura dende mudenga *sezvizvi*. Uye vasikana vachiteverawo, uye vari kuimba. Zvino panouya mudzimai, uye ane rundende rwegoridhe mumusoro wake, rine nyoka huru ine muromo wayo wakashama (zvakaite *sezvizvi*) kuno kumberi kwarwo. Mudzimai anoratidzika zvakanaka, uye anobva aburuka achidzika. Akapfeka hanzu dzakaisvonaka, nezvimwe. Uye ndinonzwa umwe wevasikana achiti, “Vanoremekedzwa, munofunga kuti mvura ichange ichidziya here mangwanani ano?”

254 Miriami akati, “Vanoremekedzwa? O, unofanira kunge uri humambo, saka ndinofanira kunge ndiri mupaki. Uye vakandibata muno, vanondiitirei?”

255 Zvakanaka, anouya achidzika. Uye varume vahombe vatema ava vakatakura bango *sezvizvi*, vanofamba kumhenderekedzo dzemvura saizvozo, uye mudzimai anobvisa shangu dzake. Zvino mumwe musikana aiva nematauro, uye vamwe vaiva nesipo. Uye aienda kunova nekugeza kwake kwamangwanani. Saka anodzikako otanga ku—kugadzirira kugeza. Anobvisa shangu dzake. Akati, “Ndichaisa zvigunwe zvangu mumvura kuti ndione kana yati yadziya. O, yakangonaka, yakango. . . Chii icho chiri uko?”

256 “O!” Miriami, Miriami mudiki akati, “O! Uh-o, aona areka.”

“O,” akati, “igarwe here?”

257 Mumwe wevarume vakasimba vaye akati, “Chingodipai miniti, ndichanotarisa.” Pfacha, pfacha, pfacha, anofamba kupinda mumvura. Anoitakura *sezvizvi*, ofamba kuuya. Ndokuti, “Vanoremekedzwa!” Anoipa kumusikana. Uye musikana anoitora oipa kwaari *sezvizvi*, ndokuiisa pasi.

258 Akati, “Chii? Whew, chiri kunhuwa! Chakazara tara kwese. Hona apa, ine buri pamusoro payo.”

259 Zvino Miriami akati, “O! O, hanzvadzi yangu diki yaenda! Hanzvadzi yangu diki yaenda!”

260 Saka vanoivhura *sezvi*. “O, anga ari mwana!” Zvino ndokutanga. . . Mwana akanakisisa munyika yese! Uye, o, Mwari Anogona kukonzera ruvengo, aigona kukonzereso rudo; uye rudo rwese rwaAigona kuisa mumoyo wemunhu, amai kune mwana, vakaisa mumoyo wemusikana iyeye. Uye iye—iye akati, “Mumwe wevaHebh-. . . Ndinoziva kuti chii. Ndibaba vangu vaye vanorwara! Vane hutsinye! Vakati vana vese vadiki vechiHebheru vauraiwe. Zvino mumwe wevanamai vangokandira mwana wavo kunze, vachitarisira kuti asvike chero kwaenda. O, vane hutsinye! Zvino, havasi kuzouraya

uyu, nekuti uyu ndewangu.” Uh-huh, munoona zviri kuitwa naMwari?

²⁶¹ Anomutakura, uye [Hama Branham vanoita ruzha rwekusvepura—Mupepeti.] anomusvepura. Zvino mwana akachema. Uye paakachema, zvakangodziisa moyo wake. Akati, “Kanhu kanonzwisa urombo.” Akati, “Ndichamutora uye ndichamudana...Ndichamupa zita.” Zvino ndipo paakawana zita rake.

²⁶² Zita rake raiva ani? [Ungano inoti, “Mosesi.”—Mupepeti.] Mosesi. Uye *Mosesi* zvinoreva “kutorwa kubva mumvura.” Maona?

²⁶³ Akati, “Zvino ndichamudana kuti Mosesi, uye achava mwana wangu ini. Ndichamuchengeta.” Asi zvino akati, “Asi ndiri musikana, handigone kumuyamwisa. Ha—ha—handina nzira yekumupa kudya nayo.” Vaisava nemabhodhoru nezvimwe panguva idzodzo. Madzimai aisaputa fodya sezvoivoita zvino, maona, vozviisa chepfu. Saka akati, “Zvakanaka, kana muchiziva...” Akati, “Chii, chii chandichaita?” Saka akati, “Ini...”

²⁶⁴ Mumwe wavo akati, “Ndichakuudzai, vanoremekedzwa, ndichatsvagira mwana wenyu mudzimai ari kuyamwisa.”

“O,” ndokuti, “zvakanakisa.” Mudiki...

²⁶⁵ Chimwe chinhu chakataura, Ngirozi yakamira ipo pachikwenzi, ikati, “Miriami, heuno mukana wako! Heuno mukana wako!” [Hama Branham vanogogodza papurupiti kasere—Mupepeti.] Miriami mudiki akamhanya ndokubuda. Akati, “Usataura chinhu zvino, usaregedzera. Iwe enda unoti ‘uchanowana mutariri,’ uye enda unotora mai vako.”

Zvakanaka, saka akataura izvozvo. Akati, “Vanoremekedzwa!”

²⁶⁶ Zvino, pane zvinotarisirwa, angadai akati, “Uri kuitei muno?” Asi, onai, Mwari vainge vachizvifukidzira zvese. Sei? Aiva nezviuru gumi zveNgirozi dzaifora. Maona? Hurongwa hwake huchabudirira. Aiva nezviuru gumi zveNgirozi dzakamira ipapo.

²⁶⁷ Saka chekutanga munoziva, akati iwe...akati, “Hongu, mudiwa mudiki, uri kuitei muno?”

²⁶⁸ Iye ndokuti, “Ndangokuonai muine mwana.” Akati, “Ndinoziva kuna amai vakanaka vanozokurererai mwana wenyu.”

²⁶⁹ Iye ndokuti, “Enda, unovatora, wovaudza kuti ndichavapa mazana matatu emadhora pavhiki kuti varere mwana uyu, uye ndichavapa chikamu chemakamuri ari mumuzinda. Uye kana uchiziva kune mudzimai wechiHebheru, ari kuyamwisa, anogona kuyamwisa mwana uyu. Uyu mwana wangu.”

Ndokuti, “Hongu, vanoremekedzwa, ndichakuwanirai mumwe.”

270 Akati, “Zvino, mira kweminiti! Usati wapinda mumuzinda, unofanira kuva neshoko remvumo yekupinda. Waona, hauzive shoko remvumo. Zuva rega-rega tine shoko remvumo yekupinda. Zvino, shoko remvumo nhasi, unoriziva here? ‘Forogo yepanze nemurwi weuswa.’” Akati, “Ndizvo zvaunofanira kutaura kuti upinde pagedhi.”

271 Saka Miriami mudiki anomhanyira kuenda kumba, nekukwanisa kwake kwese, uye osvetuka dziro, achidzika nenzira, odzika *nekuno*, uye odzika *neuko*, nekukwanisa kwake kwese. Anomhanya kupinda mumba.

272 Zvino—zvino Amrami anga achangodzoka kumba, naJokebhedhi. Uye, o, vainge vakasuwa, vachishushikana kuti zvii zvaiitika. Mudzimai akati, “Mwana wangu! Mwana wangu!” Iye . . .

273 Iye akati, “Zvino ingoteerera.” Akati, “Ndichangopinda nguva pfupi yapfuura zasi munzira, uye amai avo vanonzwisa urombo vamutsa munhu wese zuva rese. Vauya munharaunda ino mangwanani ano, uye vaputsa misoro yemwana wese anga ari munharaunda.” Uye akati, “Handi kuzhamba nekuchema kwavanga vachiita! Zvino, handizive, mwana wenyu, chero kwaari. Chero kune mwana wedu, Mwari vachamuchengeta.”

274 Zvino ipapo chimwe chinhu chakabva changoti . . . [Hama Branham vanogogodza papurupiti kana—Mupepeti.] “O! O! Havo vauya, pamusuwo zvino.” Saka, vakaenda vakatarisa. Kwete, handivo. Aiva Miriami.

275 Mudzimai akati, “O! O, Miriami! Pinda, mudikani! Chii chaitika kumwana?”

“Iye akati, “Amai, ndafa nenzara.”

Akati, “Asi chii chaitika kumwana?”

276 Akati, “Ndava kutoziya nenzara, amai.” Akati, “O, Mwari ngaarumbidzwe! Hareruya! Ndava kutoziya nenzara, amai.”

Ndokuti, “Asi chii chaitika kumwana?”

277 Akati, “Amai, ndafa nenzara zvekuti ndingadya zvese zviri muno mumba.”

278 Ndokuti, “Tichakupa chekudya, asi chii chaitika kumwana?” [Hama Branham vanogogodza papurupiti katatu—Mupepeti.]

279 Akati, “O, mwana akanaka, amai. Ndipeiwo chokudya. O, ndiri kuzombofara!”

“Asi chii chaitika kwaari?”

280 “Zvakanaka, ndipei chokudya, ndafa nenzara.” Mungazvifungidzira here izvozvo?

281 Iye ndokuti, “Miriami! Ava ndiamai nababa vako. Mwana aripi?” [Hama Branham vanogogodza papurupiti katatu—Mupepeti.]

282 Iye akati, “Amai, ndakuudzai. Mwana, ndamuona, uye zvakaringana. Zvino, amai, ndipeiwo chokudya; ndine nzara. Munoziva, nda—ndava kutoziya nenzara.” Sezvamunoita pamunodzoka kumba kubva kuchikoro, munoziva; o, unogofanira kuwana chimwe chinhu.

Saka, akaenda akanomutorera sangweji. Ndokuti, “Zvino chindiudza.”

283 Uye iye achiti, “Yam, yam, yam,” kudya, munoziva, saizvozvo. Akati, “Amai?”

Ndokuti, “Hongu, chii chaitika kumwana?”

284 “Sei,” akati, “amai. . .” Ndokuvataurira nyaya yake. Uye akati, “Amai, munofanira kunobuditsa hembe dzenyu dzakanakisa, morongedza sutukesi yenyu, nekuti muri kuzonorera mwana.” O! O! O!

“Chii?”

285 Ukarasikirwa nahwo, uchahuwana zvakare. Ndizvo here? Kana ukahuchengeta, ucharasikirwa nawo. Ukaupa, kurasikirwa nawo, uchauwana. Ndizvo here?

286 Zvino Miriami mudiki achingodya hake. Akati, “Hongu.” Akati, “Muri kuenda kumuzinda wamambo nhasi. Uye kwete izvozvo chete, asi muri, kuzopiwa, muchapiwa madhora mazana matatu pavhiki, nekamuri dzakanakisa kupinda dzese dziri munyika, kuti murere mwana wenyu.”

287 Kekutanga munhorondo yenyika yese apo amai vanobhadharwa kuti vayamwise mwana wavo mbune. Munoono Mwari maitiro aanozviiita nawo? [Hama Branham vanoombera maoko avo katatu—Mupepeti.] Hareruya! Kuyamwisa mwana wake, aibhadharwa madhora mazana matatu pavhiki kwazviri, nekamuri dzakanakisa munyika. Mwari vanoita zvinhu, haVadaro here? Zvinobhadhara here kunamata? [Ungano, “Hongu.”] Zvakanaka here kunamata? [“Ameni.”]

288 Saka, akagadzirira sutukesi yake diki. Tichakurumidza zvino, tichavhara muminiti imwe. Saka isu. . . Akagadzirira sutukesi yake, ndiye tande nenzira, nekukwanisa kumhanya kwese kwaaiva nako. Uye chekutanga munoziva, akasvika; murindi muhombe akamirapo nepfumo rake hombe, akati, “Ndiani ari kupfuura apo?”

Mudzimai ndokuti, “Forogo yepanze nemurwi weuswa.”

“Pfuura upinde.” Munoono maitiro anoita Mwari zvinhu?

289 Akaenda kumurindi aitevera. Akazvomora munondo wake ipapo, akati, “Ndiwe ani? Ndiani ari kupfuura?”

Ndokuti, “Forogo yepanze nemurwi weuswa.”

Akati, “pfuura upinde.” Ini zvangu! Munoono maitire anoita Mwari zvinhu?

²⁹⁰ Anokwira, oenda kunotarisa mumuzinda; otanga kukwidza, uye vanoremekedzwa vese vanobuda, vozvomora minondo yavo. “Ndiani ari kupfuura?”

Ndokuti, “Forogo yepanze nemurwi weuswa.”

“Pfuura upinde.”

²⁹¹ Chekutanga munoziva, mumwe murume akafamba ndokubuda, akati, “Ndimi here mudzimai mudiki akamirirwa nemukunda wamambo?”

“Hongu”

²⁹² “Uye uyu ndiye mudzimai anoyamwisa wemwana awanikwa mangwanani ano?”

“Hongu.”

²⁹³ Akati, “Zvakanaka, muunzei mukati.” Saka anounza mwana . . . kana kuti anopinza amai mukati.

²⁹⁴ Zvino—zvino mu—mukunda wamambo mudiki akafamba kubuda, uye akati, “Pane chaunoziva here pamusoro pemwana?”

Iye ndokuti, “Hongu, vanoremekedzwa.”

Akati, “Tarisa mwana uyu. Haana kunaka here?”

“Hongu, vanoremekedzwa. Hongu.”

Akati, “Unoziva kuyamwisa mwana here?”

“Hongu, vanoremekedzwa. Zvirokwazvo.”

²⁹⁵ “Zvakanaka,” akati, “Ndichakupa mubhadharo wako wemadhora mazana matatu pavhiki.” Hum! Mwari anga asina kunaka here? Uye akati, “Uye une kamuri dzakanakisa mumuzinda, nekudya kwako kuchaunzwa kwauri. Hautozombofanira kubuda kunobika kudya kwako.” Akati, “Zvino, heuno mwana, ngwarira. Usamudonhedza.”

“O, musanetseka, handidaro. Musanetseka, handimbomudonhedza.”

“Mutarire zvakanakisisa.”

²⁹⁶ “Musanetseka, ndichadaro. Achava nechengengetedzo yakanakisa kupinda dzese.” Chokwadi, aiva wake, munoono. “Ndichamurera zvakanakisisa chose.”

“Unoonaka kuti mwana akanaka?”

“Akanakisa,” akapindura.

“Zvakanaka.”

²⁹⁷ Musuwo ndokuvharika, pana Miriami, naamai, naMosesi mudiki. Uye musuwo pawakavharika, akatarisa tarisa. Akati, “Tsk-tsk-tsk! Zvino afunga kuti uri mwana *wake*. Ha-ha-ha-ha-ha!” O, zvangu ini! Akamubhabhadzira.

298 Anga aitei? Iye...Dai akanga amuchengeta, angadai akaitei? [Ungano inoti, “Akarasikirwa naye.”—Mupepeti.] Nekuti, akamudzosera kuna Uyo Akamupa kwaari, zvino iye (chii?) akamuwana, uye anogona kumuchengeta. Zvino chii chinoitika kana tikarasikirwa...Kana tikachengeta mweya yedu, chii chinoitika? [“Tinorasikirwa nawo.”] Uye tikaudzosera kuna Uyo Akaupa kwatiri, chii chinoitika? [“Tinouchengeta.”] Tinouchengeta. Ndizvozvo here?

299 Vangani venyu vanoda kuuya kuno kuartari kunonamata? Mungada kuzviita here? Mungada here kuti Jesu akuchengetedzei sezvaAkaitira avo, mwana mudiki? Sei... Tese, vana vadiki, ngatiunganei paartari pano zvino. Mungadaro here? Uyai pano chaipo, pfugamai paartari. Ngatinamatei, mese. Vana vadiki vese zvino uyai mberi kuno. Mafarira nyaya yangu here pamusoro peizvi? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Mazvifarira here? Zvakanaka, zvino uyai kuartari. Zvino uyai. Imi vana vadiki vese uyai, pfugamai paartari, ingopfugamai ipapo—ipapo paartari. Ndizvozvo. Imi mese vaduku vari kumashure, uyai kuno zvino, tiri kuzonamata. Zvakanaka. Munoda kuuya kuzonamata. Uyai muzopfugama paartari. Ndizvozvo. Zvino, zvakanaka. Zvakangoringana.

300 Zvino, anamai, munoda kuuyawo, here, nana baba, mese munoda here kupfugama mumikana?

301 Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu imi vana vadiki. Tarisai. Munotenda here kuti Jesu anokudai sezvaAiita Mosesi? Munotenda here kuti Ngirozi dzinokutarirai saizvozvi? Zvino, Mwari akakupai munhu wemukati. Haana kudaro here? Zvino, ukachengeta mweya wako, chii chinoitika kwauri? [Vana vanoti, “Unorasikirwa nawo.”—Mupepeti.] Ucharasikirwa nawo. Asi ukaudzosera kuna Jesu mangwanani ano, zvadaro uchazoitei? [“Uchauchengetedza.”] Ucha—uchauchengetedza. Unoda kuponesa. Unoda kuponesa mweya wako, haudi here? Uye munoda kukura kuzova vanamai vechokwadi nemadzimai echokwadi, hamudi here; uye varume kwavo, vaparidzi, nevakadaro? Hamudi kudaro here? Zvino, kana muchida, chipirai mweya yenyu kuna Jesu. Heino nzira yamunozviita nayo. Itii, “Jesu anodikanwa, izvi ndizvo zvese zvandinazvo kuti ndiKupei, mweya wangu, asi iMi nditarireiwo sezvaMakaita Mosesi.”

302 Zvino, kana vamwe venyu vakuru muchida kuuya kuzopfugama, zvakare, vamwe venyu anamai, zvichida, mungada kupfugama pano mangwanani ano. Zvakanaka, pakazarukira iyemi, zvakare. Kana muchida, uyai, pfugamai nechepano chaipo. Zvakanaka. Hevano amai vari kuuya nemwanakomana wavo mudiki. Pangava nemumwe munhuwo here?

303 Baba, baba, chero ani wenyu, kana uchida kuva murume anonamata sezvaiva Amrami, iwe uya, upfugame, zvakare.

304 Amai, kana muchida kuva saJokebhedhi, sei, uyai henyu, pfugamai, zvakare.

305 Zvokwadi, ndezve munhu wese. Nekuti, chii? Une munhu wemukatiwo, zvakare. Ukauchengeta, chii chinaitika? [Ungano inoti, “Unorasikirwa nawo.”—Mupepeti.] Unorasikirwa nawo. Uye ukaudzoserwa kune Uyo Akaupa kwauri, chii chichaitika? [“Ukauchengetedza.”] Ukauchengetedza, kuUpenyu usingaperi. Ndizvozvo. Zvino, hamungaangani here, mese vanoda zvino, uye tinamate nevadiki ava, nesu, tese zvino.

306 Zuva raMai, izuva rakanaka. Uye zvichida manheru ano, ndinogona kushandura musoro wenyaya yangu ndoenderera mberi manheru ano kutaura zvakaitwa namai, zvakazoita amai vaye. Ndivo vakadzidzisa mwanakomana wavo mudiki kutungamirira Israeri yese kunyika yechipikirwa. O, vaiva amai chaivo. Vaisava amai vechokwadi here? [Vana vanoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvino, una mai kwavo, zvakare, uye amai vari kukunamatirai. Aiva baba chaivo. Uye baba vari kukunamatira. Uye zvino tose tiri kuzonamata pamwe chete, tichikumbira Jesu kuti atibatsire.

Hama Neville, mungauye, mupfugame nesu?

307 Zvino ngatikotamisei misoro yedu, kwese. Zvino Hanzvadzi Gertie. . . [Muridzi wepiano anotanga kuridza *Vaunzei Mukati*—Mupepeti.]

308 Baba Vanodikanwa veKudenga, nyaya diki iyi, yakapfava nhasi uno, pamusoro pemazuva akareba akapfuura, apo mai nababa vechokwadi, kana mutendi wechokwadi, anouya kwaMuri uye vaiKunamatai. VaiKutendai. Paiva nekushungurudzwa munyika panguva iyoyo. Zvino tinoziva sei nhasi kuti hapana Mosesi mudiki wanhasi akapfugama pano mangwanani ano! Tinoziva zvakadii kuti hapana Miriami mudiki wanhasi apfugama pano mangwanani ano, zvakare, muporofitakadzi!

309 O Baba Vanodikanwa, vana vadiki ava vanoKudai, uye vanouya, vakapfugama pamuchinjikwa, vachicherechedza kuti vane mweya unoda kuponeswa, uye vari kuupa kwaMuri zvino. Nekuti tichangoverenga muShoko reNyu, “Kana ukarasikirwa nawo, uchauwana; uye ukauchengeta, ucharasikirwa nawo.” Zvino, Baba, havasi kuda kuzvichengetera mweya yavo pachavo. Havadi kuzviraramira. Vanoda kupira mweya yavo kwaMuri, kuitira kuti, pakuupira, vaizowana Upenyu Usingaperi. Itai, muzvitendere, Ishe.

310 Ropafadzai vakomana nevasikana vadiki vari paartari. Ropafadzai anamai naanababa vari pano mangwanani ano. O, dai nyasha netsitsi dzeNyu dzerudo dzava pamusoro pavo vese.

Tiregerereiwo, Ishe, zviwi zvedu zvese nekudarika. Bvisai urwere kubva pakati pedu.

³¹¹ Tumai Ngirozi! Hareruya! Mwari, iMi Makaraira Gabrieri, neNgirozi zviuru gumi kuti dzifore; INgirozi dzimwe ngani dzauya padzaona vana vadiki ava vanonzwisa urombo vakapfugama paartari ino mangwanani ano! Pese, paartari ino nemuchechi, mumire Ngirozi dzaMwari. Ngirozi yekurekodha iri pano, ichinyora mazita avo muBhuku. Vari kurasikirwa nemweya wavo, kuti vagone kuuwana muna Kristu! Zvitenderei, Ishe.

³¹² Dai, kubva muzuva rino, zvichienda mberi, upenyu hwavo hudiki hutapire nekuninipa. Dai vakava vana vanoteerera vabereki vavo naBaba wavo weKudenga, kusvikira zuva raMuchavadanira Kumusha. Vatungamirei vari muigwa ravo diki, nemuboterere rese. Nguva yese parinobatirira muzvikwenzi, dai Ngirozi dzaMwari dzarisundira mumasaisai anoyerera erudo rwaMwari. Zviitei, Ishe. Uye pamagumo enzira, dai vakawana Musha une rudo, namai nevadikanwa vavo ikoko muKubwinya, apo pamire Mwari mumusuwo kuzochingamidza, zuva iroso. Zviitei, Baba.

³¹³ Tiregerereiwo tese zviwi nekudarika kwedu. Uye mutibatsire kubvira zuva rino kuva veNyu chose. Tinokumikidza vana vadiki ava mumaoko eNyu zvino. Uye ana mai ava pamwe navo, Ishe, kuti vave mhando yaanamai kwayo paZuva raMai rino, nguva ino yerangaridzo yapiwa kuna anamai. Uye dai ivo, kubvira nhasi, vave anamai vari nane. Dai vana vave vana vari nane. Dai tese tave vari nane, Ishe, tikushumirei zvakawedzerwa. Zviitei, Baba, nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

Zvino ngatiimbei kwarwiyo.

³¹⁴ Unotenda kuti Jesu akuponesa here? Unoda kuti Jesu akutarire zvino, pauri kusimuka? Simudza ruoko rwako kwaAri, sezvizi zvino. Ndinoda kuti utendeuke kuna mai nababa, navo vese. Tendeuka sezvizi. Zvino tarisai kuno, amai nababa. Imi mese vasikana nevakomana vaduku simukai. Zvino, vangani vanogamuchira Jesu seMuponesi wenyu, uye muri kuzovimba naJesu kubva zvino zvichienda mberi, kuti akuchengetei sezvaAkaita Mosesi mudiki, ngationei maoko enyu achisimuka. Mumwe nemumwe wenyu zvino. Zvakanaka! Zvino chii chaitika? Kana ukachengeta mweya wako, unoita sei? [Ungano inoti, “Unorasikirwa nawo.”—Mupepeti.] Unorasikirwa nawo. Asi ukaupira kuna Jesu, chii chichaitika? [“Uchachengetedza.”] Uchachengetedza. Zvino, ko kana Jesu akuwana mangwanani ano? Uye uri waJesu zvino, hausi here? Uri mukomana nemusikana mudiki waJesu.

³¹⁵ Tarisai ava vadiki vamire pano nemisodzi. Mungandiudze kuti Mwari haazvize izvozvo? Amen. Varume nemadzimai vamangwana! Simukai.

Vaunzei kubva muminda yezvivi;
 Vaunzei, Vaunzei,
 Hunzai vadiki kuna Jesu.

“O, Ndinoda Jesu!” Zvino handei!

O . . . (mese) . . . ndinoda Jesu, (ngatisimudzei
 maoko edu mudenga zvino)
 O, ndinoda Jesu,
 O, ndinoda Jesu,
 Nekuti Akandida kutanga.

³¹⁶ Hazvina kunaka here? Zvino, *Jesu Anoda Vana Vadiki VepaNyika*. Tipeiwo kodhi, hanzvadzi. Zvino mese tendeukai kuno, kwandiri, imi vasikana vadiki. Ndinoda kuimba *Jesu Anoda Vana Vadiki VepaNyika*. Vangani vanorwuziva? Zvakanaka, ngatiimbei zvino.

Jesu anoda vana vadiki,
 Vana vese vepanyika;
 Vatsvuku neveyero, vatema nevachena,
 vakakosha muuso hwaKe,
 Jesu anoda vana vadiki vepanyika.

³¹⁷ Zvino, mese muri mumauto zvino. Maizviziva here? Munoziva here kuti muri muhondo yaMwari? Zvino, nyatsonditarisai zvino. Zvino imbai neni zvino, nekuti muri masoja zvino. Munozviziva here? Mauto emuchinjikwa! Zvino, “Ndingarega kufora . . .” Munorwuziva? Zvakanaka. Zvakanaka, nguva refu yapfuura, rwiyo rwakare rweSunday school rwandakadzidza. “Ndingarega . . .” Zvino imi, neni zvino. [Hama Branham Vanoita mifananidzo vachiimba mashoko e*Ndiri MuHondo yaShe*—Mupepeti.]

Ndingarega kufora muhondo,
 Kutasva mabhiza, kupfura nezvombo;
 Ndingarega kubhururuka nepamusoro
 pemuvengi,
 Asi ndiri muhondo yaShe.
 Ndiri muhondo yaShe,
 O, ndiri muhondo yaShe!

Uyai pamwe neni zvino. Tese pamwe chete zvino. Zvino!

Ndingarega kufora muhondo,
 Kutasva mabhiza, kupfura nezvombo;
 Ndingarega kubhururuka nepamusoro
 pemuvengi,
 Asi ndiri muhondo yaShe.

³¹⁸ Unotenda kuti unogona kurwuimba uri wega here? Uya kuno, musikana, kwira kuno chaiko. Ndinoda kuti mese muite mifananidzo yandiri kuita. Tenderera, kuseri kweartari kuno, zvino. Kwira kuno chaiko. Mumwe nemumwe wenyu,

nyatsoswederai kuno kwandiri, maona. Forai kumusoro kuno; hapana munhu anobva paartari. Kwirai kuno chaiko neni. Ndizvo. Ndizvo. Ndizvo *sezvivi*. Zvino tendererai *seizvi*, tarisai unyama, *seizvi*. Ndizvo. Ndinoda kukuratidzai zvinoita vakomana nevasikana vakanaka mushure mokunge vaziva Jesu. Zvino, uyai shure kuno chaiko, vakomana nevasikana. Zvino imi . . . Ndizvozvo. Zvino honai kunze uko.

³¹⁹ Zvino pandinoti, “Ndingarega kufora muhondo,” imi . . . “fora muhondo,” imi foraiwo, zvakare. Pandinoti, “Ndingarega kutasva mabhiza,” imi itai zvimwe chete zvandichaita. Zvino garirai shure kwangu, kumashure chaiko zvino, kusiya nzvimbo. Kumashure chaiko, kumashure-shure, zvino magadzirira. Zvino handei, ngatirwuimbei. [Hama Branham nevana vanoita mifananidzo vachiimba—Mupepeti.]

Ndingarega kufora muhondo, (Honai!)
Kutasva mabhiza, kupfura nezvombo;
Ndingarega kubhururuka nepamusoro
pemuvengi,
Asi ndiri muhondo yaShe.

O, ndiri muhondo yaShe,
Ndiri muhondo yaShe! (Gadzirirai!)

Ndingarega kufora muhondo,
Kutasva mabhiza, kupfura nezvombo;
Ndingarega kubhururuka pamusoro
pemuvengi,
Asi ndiri muhondo yaShe.

³²⁰ Ameni! Chingoramba wakamira. Vangani vanozvifarira izvo? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti.] Ndizvozvo.

³²¹ Zvino, Baba veKudenga, ropafadzai vana vadiki ava nhasi. NdeveNyu, Ishe. Vanopira upenyu hwavo kwaMuri. Vanonzwa nyaya diki yaMosesi uye nekumuchengetedza kwaMakaita. Vanonzwa pamusoro paamai vakanaka nababa vakanaka vakavariritira nekuvarera. Uye ndizvowo vana ava vane anamai nana baba vakanaka. Zvino ndinonamata, Baba, kuti muvatarire nekuvatungamira kudzika nehova yenguva, uye dai Ngirozi dzaMwari dzavachengetedza. Ipai . . . Uyezve muve kumagumo, kuzovagamuchira mumazuva ekupedzisira, Ishe, muHumambo hweNyu. Tinozvikumbara muZita raKristu. Ameni.

³²² Zvino munogona kudzokera kunzvimbo dzenyu monoudza baba namai kuti muri kunzwa zvakanaka sei. Ameni.

³²³ “Mazuva avo ese ekufamba murenje vaitungamirirwa.” Munorwuziva urwu, zvekare.

. . . pakufamba kwavo vakatungamirirwa,
Kunyika yechipikirwa vakatungamirirwa;
Neruoko rwaShe mukutungamira zvokwadi,
Vakaunzwa kumahombekombe eKenani.

Munhu wese!

Chiratidzo chemoto pausiku,
Uye chiratidzo chegore masikati,
Chiri pamusoro, nechepamberi,
Pazvinofamba munzira yedu,
Zvichava mutyairi nemutungamiri,
Kusvikira renje rapfuura,
Nekuti Ishe, Mwari wedu, munguva yaVo
yakanakisa
Achatitungamirira kuchiedza pamagumo.

³²⁴ Vangani vari kurwara mangwanani ano vanoda munamato? Tionei ruoko rwenyu. Nekuti tati nonokei, pamwe tichambomisa shumiro yedu yekupodzwa kusvikira manheru ano. Uye tongoisa shoko remunamato zvino, nekuti tati nonokei.

³²⁵ Manakidzwa here nenyaya diki? [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti.] Munofunga kuti zvanga zvakanakira vana vadiki vese here? [“Ameni!”] Hongu. Ti—tinovapfuura nguva zhinji. Hatifanire kudaro. Munoono, handimbowana mukana wekudzidzisa Sunday school, zvino mangwanani ano yanga iri nguva yekutaura navo. Ndanga ndisingadi kuti munete, asi ndanga ndichida kukutaurirai nyaya diki iyi.

³²⁶ Rangarirai, vana vadiki, haisi nyaya diki yakare yaunoverenga chero kupi. Iyi iZvokwadi. Ndicho Chokwadi! Mwari vakazviita. Uye iYe *anemi* iye zvino. Zvakanaka.

³²⁷ Ngatikotamisei misoro yedu zvino patiri kuimba rwiyo rwekutiparadzanisa, zvishoma nezvishoma, “Tora Zita raJesu newe, senhoo kubva kumuvengi wese.” Zvakanaka.

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekutambudzika nenhamo.



DZIDZISO YEZVAMOSESI SHO56-0513
(Teaching On Moses)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 13 Chivabvu, 1956, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org